Кавказ Ищхъэрэм ис Муслъымэнхэм я зэзыгъэуIу центрым и унафэщI хахащ

3-нэ нап.

Илъэс 50-м къыхэкIа зэнымкIэ зэгъусэхэр

3-нэ нап.

Ерыщу загъэхъэзыр

4-нэ нап.

Алтайм и адгилэгъэ ди хъэщIэщ

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№118 (24.712) ● 2024 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 1, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ кыдокI ● И уасэр зы тумэнщ

● Дыгъуасэ

АвтомобилыщIэхэмкIэ Iэтащхьэр йохъуэхъу

КъБР-м и МВД-м и IэнатIэхэм автомашинэщIэ 51-рэ дыгъуасэ иратащ. Iэхур щекIуэкIащ Налшык къалэм Абхъазым и утым деж. Абы хэтащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек, КъБР-м и къэралыгъуэ IуэхущIэ IуэхухэмкIэ и министр полицэм и генерал-майор Крючков Вячеслав, КъБР-м и МВД-м и Жылагъуэ советым и унафэщI Мэкъушэ Руслан, къэралыгъуэ IуэхущIэ Iуэхухэмкl я IэнатIэхэм я лэжьакIуэхэр.

- ХабзэМ кIэлъыплъымкIэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщынымкIэ нобэ жэуапльныгъэшхуэ фэ фохь. Си фIщщ мэхъу, республикэм и МВД-м и лэжьакIуэхэм дэтхэнэми а жэуапльныгъэр зэрызыхэфщIэр, фи къалэнхэр пщIэ пылъу адэкIи зэрывгъэзэщIэнур, - яжриIащ къызэхуэсахэм КIуэкIуэ Казбек. - Жылагъуэ шынагъуэншагъэм кIэлъыплъыным ди зэманым мыхъэнэшхуэ иIэщ. Лъэпкъ пэхуэщIахэмкIэ Урысейм и Президентым и унафэхэр гъэзэщIэным хыхьэу, иджыпсту гулъытэ ин хуащI техникэхэр зэхъуэкIыным. Нобэ ар ди деж щынэрылъагъущ. Къэбэрдей-Балъкъэрым нэхъ игъэкIи автомобилыщIэхэр къыхуащIхуауэ щытащ, адэкIи а Iуэхум пащэнущ. Шэч къытесхьэркъым техникэхэмрэ ахэр къызэрызэгъэпэща Iэмалхэмрэ фи лэжьыгъэр нэхъ къызэрывдагъэпсынщIэнум, сэбэн къызэрыфхуэхъунум. Ауэ къыхэзгъэщыну сыхуейт мыри: шынагъуэншагъэр зыми къызэригъэпэщыфынукъым, фэ фи жэуапльныгъэмрэ лIыгъэмрэ щымыгъуэмэ. Дызыщыгугъыр фэраци, ехьулIэныгъэфIхэр фиIэну дынывохъуэхъу.

КъБР-м къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ и министр полицэм и генерал-майор Крючков Вячеслав псалъэ щратым, къыхигъэщащ Урысей Федерацэм къыбгъэдэкI дэIэпыкъуныгъэм и фIыгъэкIэ, илъэс къэс республикэм гъуэгу шынагъуэншагъэм зэрыщыкIэльыплъ техникэр зэрыщрагъэфIакIуэр, лэжьакIуэхэм я къалэнхэр нэсу ягъэзэщIэным кIэ щIэгъэкъуэныфI зэрахуэхъуэр.

- Нобэ патруль автомобилу 50-м щIигъу къыгIэрыхьащ. Ахэр, шэч хэмылъу, республикэм и полицэм щIэгъэкъуэныфI хуэхъунущ. Иджы япэу ди щынальэм и гъэгухэм тетынущ, «Кибер-Шериф» программэмкIэ къызэгъэпэща автомобилхэр. А программэм къалэн куэд егъэзащIэ, къэрал IэнатIэхэм я базэхэм асыхьэту запищIэфу. Къыхэгъэщыпхъэщ, республикэм къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ и IэнатIэхэр транспорткIэ къызэрызэгъэпэщар мы зэманым процент 100-м зэрынэблагъэр.

Министрым лэжьакIуэхэр къыхуриджащ техникэр сакъыу зэрахьну, гъэзгу хабзэхэр зэрагъэзащIэм тэмэму кIэльыплъыну, егупгъуу я къалэнхэр ягъэзэщIэну.

БАГЪЭТЫР Къуизэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

2024 гъэм и бжьыхьэм цIыхухэр дзэ къулыкъум гъэкIуэныр къызэгъэпэщынымкIэ лэжьыпхъэхэм я Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

«Дзэ къулыкъур екъэкIыныимкIэ къаIэнымрэ дзэ къулыкъумрэ я Iуэхукlэ» Федеральнэ законым ипкъ иткIэ 1994-2006 гъэхэм къалъхуахэу зи ныбжьыр илъэс 30 иримыкъуахэр икIи запасым щымыIэхэр 2024 гъэм и бжьыхьэм дзэ къулыкъум гъэкIуэныр къызэгъэпэщын мурадкIэ **унафэ сощI:**

1. Мы Указым щIигъуэху къэщтэн:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм цIыхухэр дзэм зыгъакIуэ и комиссэм хэтхэр;

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и муниципальнэ щIыналъэхэмрэ къалэ округхэмрэ цIыхухэр дзэм зыгъакIуэ я комиссэхэм хэтхэр;

дзэм къулыкъу щащIэн папщIэ 2024 гъэм и бжьыхьэм ираджэн хуей цIыхухэм я узынщагъэр къэзыпщытэ, абыхэм ящыщу сымаджэхэр щагъэхъуж медицинэ Iуэхущlапlэхэр.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и муниципальнэ щIыналъэхэмрэ къалэ округхэмрэ я щIыпIэ самоуправленэм и органхэм чэнджэщ етын, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и дзэ комиссариатым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэзэщlакlуэ властым и органхэм ящыгъуу 2024 гъэм и бжьыхьэм цIыхухэр дзэ къулыкъум гъакIуэныр агъэува пIалъэхэм къриубыдэу къызэрагъэпэщыну.

3. Къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ министерствэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм, Урысей Федерацэм Къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ и министерствэм транспортымкIэ и Налшык щIыналъэ къудамэм чэнджэщ етын дзэм кIуэну цIыхухэр щызэхуашэс, республикэм и гъущI гуэгу станцхэу, автовокзалхэу командэхэр щрагъажьэ мазухуэхэм дзэ къулыкъум ягъэкIуэнухэр щызэхуашэсхэм жылагъуэ хабзэр ягъэзэщIэныр къызэригъэпэщыну.

4. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Щэнхабзэмкlэ и министерствэм хуэгъэувын цIыхухэр дзэ къулыкъум зэрагъакIуэ щыкIэр цIыхубз хъыбарегъащIэ Iуэхущlапlэхэм къыщыгъэльэгъуэныр къызэригъэпэщыну.

5. Мы Указым къару егъуэтабы Iэ щыщIэзэдза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек

Налшык къалэ
2024 гъэм фокIадэм и 26-м
№83-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэм ящIэн папщIэ

2024 гъэм жэпуэгъуэм и 3-м сыхьэти 11-м КъБР-м и Правительствэм и Унэм щызэхэтынущ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэм хахыным и Iуэхукlэ» щыхэплъэну Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и зи чэзу зэIущIэр.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущlапlэ.

Мэкъумэш гъэлъэгъуэныгъэм зэхуеишэс

Налшык къалэм иджыблагъэ щекIуэкIащ «PRO-Агро СКФО 4.0» гъэлъэгъуэныгъэ-зэхуэс. Абы утыку къыщрахьащ иджыпей мэкъумэш техникэхэмрэ жыг хадзэгъэкIэм папщIэ къыгагъэжьа технологие екъэжьахэмрэ.

ЩIэныгъэлIэхэм къызэралъытэмкIэ, Кавказ Ищхъэрэмрэ Урысей Илъэсыкъэ щынэхъ инхэм ящыщ мы гъэлъэгъуэныгъэр лъабжьэ хуэхъунущ мэкъумэшыщIэхэм я зэфIэкIхэмкIэ, щапхъэдфIэкIэ дяпэкIэ зэхъуэжыным, зэдэлэжьэным. Псалъэм къыдэкIуэу, нэгъабэ екIуэкIа мыпхуэдэ зэхуэсым жыг хадзэгъэкIэм хэкIыпIэ къагъэтащ жыгым пыт мыIэрысэр яфIэмыкIуэду кърахьэлIэжьынымкIэ: а лэжьыгъэр зэрызэфIагъэкI, пхъащхьэмыщхьэр къызэрыпачыж иджырей комбайнхэр къагъэсэбэпынущ.

Иджы зэхэта гъэлъэгъуэныгъэр еплIанэу зэхашащ икIи абы къахуеблэгъащ я лэжьыгъэкIэ зэхуэмыдэу къэралым и щIыналъэхэм я Iуэхущlапlэ 25-ра, хьэщIэу – цIыху мини 3-м щIигъу. Зэхуэсым и программэм хыхьэу мэкъумэш Iэнатlэ зэмыщхьэм я конференцхэр къызэрагъэпэщащ, мэкъумэш къэкIыгъэхэмрэ жыг хадзэкр гъэкIынымрэ ехьэлIауэ мастер-классхэр экспертхэм зэхаублащ, апхуэдэуи иджырей техникэ ехьэжьахэмрэ оборудованэхэмрэ щагъэлъэгъуащ.

«PROАгро СКФО 4.0» гъэлъэгъуэныгъэ-зэхуэсым и къэралхэм я хъыбарегъащIэ Iуэхущlапlэхэм я лэжьакIуэхэм икIи яхутепсэльыхьащ щIыналъэм щыщIэ социально-экономикэ щытыкIэм.

ЗэIУЩIэМ крихьэлIащ Азербайджаным, Белоруссием, Венгриеи, Венесуэлэм, Вьетнамым, Къэзахъстаным, Китаим, Кубэм, Къэрыпэ Эмират Зэгуэтхэм я журналистхэр. Адыгейм и лIыщъхьэм ахэр щигъэгъуэзащ УФ-м къращIыпIа дэкъуэзныгъэхэм щхьэкIи къэмынэу, республикэм зэрызиужьым, хамэ къэралхэм хуаIэ зэпыщIэныгъэхэм, щыналъэм и инвестицэ политикэм, туризмэм, нэгъуэщIхэми.

КъумпIылым къыхигъэщащ Азербайджаным и туризм IэнатIэр щапхъэу къыхэригъэщтэр, Белоруссием хуаIэ сату-экономикэ зэпыщIэныгъэм нэхъри зэрызрагъэубгъур, Китаймрэ Къэзахъстанымрэ зэрызэдэлажьэхэм къызэрыхагъахъуэр, нэгъуэщIхэри. Апхуэдэуи ягу кьигъэкIыжащ Азием, Африкэм, Латин Америкэм хыхьэ къэрал 70-м сату-экономикэ, егъэджэныгъэ, щэнхабзэ пыщIэныгъэхэр зэрыхуаIэр.

Пашэныгъэм щIэбэну

ЧЕРКЕССК. **КИФЩI-м дзюдомкIэ пашэныгъэр къыщыхьыным теухуауэ Шэшэным и Гроэнэ къалэм щекIуэкIа зэхьэзэхуэм республикэм и бэнакIуэхэм хъарзынэу зыкъыщагъэлъэгъуащ.**

ГОГОВ Анзор и хьэлъагъ ельытауэ зыхэта гупым (кг 60) дыжьын медаль къыщыхьащ. Текеев Тимур ещанэ щыхъуащ килограмми 100-м щIигъуэр щыбанэхэм я деж. Акбаев Исльам япитхум хэхуащ. Ар щыбанэр килограмм 60 хъуэр щызэпеуэ гупырщ.

Иджы мыбыхэм псоми Iэмал яIащ УФ-м дзюдомкIэ пашэныгъэр къыщыхьыным хуэунэтIауэ мы гъэм щэкIуэгъуэм и 13 - 17-хэм Рязань къалэм щызэхэтыну зэхьэзэхуэм кIуэну.

ЩIалэхэм я тренерхэр Байчоров Пилял, КIыщмахуэ Муссэ, Айбазов Амид, КIыщмахуэ Руслан, Уэхьутэ Азэмэт, Урыс Азнаур сымэщ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Ди къуэш республикэхэм

Хамэ гуэвэгъуэ щыIэкъым

СЫХЪУМ. **Абхъазым и МЧС-мрэ республикэм сабийм и хутыныгъэхэр хъумэнымкIэ и уполномоченэм и аппаратымрэ къыдэIэпыкъуу, «Ашана» псапащIэ фондым Курск областым щыпсэуэхэм папщIэ мыулъку, щыгъын, ерыскъыхэкIхэр зэхуеихьэс.**

ФОНДЫМ и лэжьакIуэхэм къызэрыхагъащамкIэ, псом япэ я гулъытэ зрагъэгъуэтынур сабийхэращ.

«Дэ тщыгъупщэнукъым Абхъазым Хэку зауэ щекIуэкIам щыгъуэ Кавказ Ищхъэрэм и республикэхэми, Урысей Федерацэм и адрей щIыналъэхэми, хамэ къэралхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхми, нэгъуэщI куэдми зэрызыкъытщIагъэкъуар. Иджы дэ нобэ Iэмал диIэщ бэлыхь хэху нэгъуэщI цIыхухэм дадэIэпыкъуную, тхузэфIэкI къэдгъэнэнукъым», - щIыжаIащ Псапащ Iэ фондым.

Журналистхэм яIуощIэ

МЕЙКЪУАПЭ. **Адыгейм и Iэтащхьэ Къумпlыл Мурат иджыблагъэ IущIащ хамэ**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Егъэджэныгъэмкlэ, щIэныгъэмкlэ, физическэ щэнхабзэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхухэмкlэ и комитетым зэреджэм зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI:**

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Егъэджэныгъэмкlэ, щIэныгъэмкlэ, физическэ щэнхабзэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхухэмкlэ и комитетым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым 2024 гъэм фокIадэм и 17-м ящыщ унафэ №6-П-П-м ипкъ иткIэ ягъэувам, «физическэ щэнхабзэмрэ» псалъэхэм яужькIэ «, спортымрэ» псалъэр щIыгъун.

2. Мы Унафэм къару егъуэт ар къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2024 гъэм фокIадэм и 24-м
№99-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщым и къэдзэхэм я бжыгъэм теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Регламентым и 11-нэ статьям ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI:**

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщым къуэдзэу тIу иIэу гъэувын.

2. Мы Унафэм къару егъуэт ар къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2024 гъэм фокIадэм и 24-м
№90-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщым и къуэдзэу Жанатаев Сэлим Алий и къуэр хэхыным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Iэхухлlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 22-нэ статьямрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Регламентым и 11-нэ статьямрэ ящыкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI:**

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщым и къуэдзэу хэхын Жанатаев Сэлим Алий и къуэр.

2. Мы Унафэм къару егъуэт ар къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2024 гъэм фокIадэм и 24-м
№91-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщым и къуэдзэу Къардэн Мурат Наусбий и къуэр хэхыным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Iэхухлlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 22-нэ статьямрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Регламентым и 11-нэ статьямрэ ящыкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI:**

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщым и къуэдзэу хэхын Къардэн Мурат Наусбий и къуэр.

2. Мы Унафэм къару егъуэт ар къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2024 гъэм фокIадэм и 24-м
№92-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Лъэпкъ зэхущытыкIэхэмкIэ и комитетым хэтхэм ятеухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 103-нэ статьям и 1-нэ Iыхьэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Регламентым и 17-нэ статьям ятеухуа иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI:**

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Лъэпкъ зэхущытыкIэхэмкIэ и комитетым хэхын Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэу мы къыкIэлъыкIуэхэр:

Байдаев Сэлихь Мэхьмуд и къуэр
Безгодькэ Владимир Фёдор и къуэр
Джатэ Руслан Хьэшым и къуэр
Дадэ МуIэед Алий и къуэр
Дзэмыхь Къасболэт ФIыцIэ и къуэр
Коротких Ольгэ Алексей и пхъур
Настаев АлисультIан Магамед и къуэр
Прытков Михаил Алексей и къуэр
Соттаев Къурмэн Сеит и къуэр.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Лъэпкъ зэхущытыкIэхэмкIэ и комитетым и зэунафэщIэгъуэу хэхын:

Джатэ Руслан Хьэшым и къуэр
Байдаев Сэлихь Мэхьмуд и къуэр
Безгодькэ Владимир Фёдор и къуэр.

3. Мы Унафэм къару егъуэт ар къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2024 гъэм фокIадэм и 24-м
№13-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Законодательствэмрэ щIыпIэ унафэр зегъэкIуэным пыщIа Iэхуху эмкIэ и комитетым хэтхэм ятеухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Регламентым и 22-нэ статьям илъ къэбар иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Законодательствэмрэ щIыпIэ унафэр зегъэкIуэным пыщIа Iэхуху эмкIэ и комитетым хэгъэхьэн мы къыкIэлыкIуэхэр:

Беспаловэ Наталье Олег и пхъэр
Бещто Артур Мухьэрбий и къуэр
Джатэ Руслан Хьэшым и къуэр
Дадэ МуIэед Алий и къуэр
Дзэмыхь Къасболэт ФIыцIэ и къуэр
КъуэщIысокъуэ Залым Лев и къуэр
Мэлбахьуэ Борис Хьэмидбий и къуэр
Соттаев Къурмэн Сеит и къуэр.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Законодательствэмрэ щIыпIэ унафэр зегъэкIуэным пыщIа Iэхуху эмкIэ и комитетым и унафэщIу хэхын Мэлбахьуэ Борис Хьэмидбий и къуэр.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Законодательствэмрэ щIыпIэ унафэр зегъэкIуэным пыщIа Iэхуху эмкIэ и комитетым и унафэщIым и къуэдзэу хэхын Джатэ Руслан Хьэшым и къуэр.

5. Джатэ Руслан Хьэшым и къуэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и президиумым хэтщ икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Законодательствэмрэ щIыпIэ унафэр зегъэкIуэным пыщIа Iэхуху эмкIэ и комитетым и унафэщIым и къуэдзэм и кIуалыкъуэ профессиональнэ лъабжьэм тету егъэзащIэ.

4. Мы Унафэм къару егъуэт ар къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ I ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2024 гъэм фокIадэм и 24-м
№14-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Жылагъуэ шынагъуэншагъэмрэ коррупцэм пэщIэтыныныкIэ и комитетым хэтхэм ятеухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Регламентым и 22-нэ статьям илъ къэбар иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Жылагъуэ шынагъуэншагъэмрэ коррупцэм пэщIэтыныныкIэ и комитетым хэгъэхьэн мы къыкIэлыкIуэхэр:

Ашэбокъуэ Астемыр Артур и къуэр
Байдаев Далхат Магомед и къуэр
Дзэмыхь Къасболэт ФIыцIэ и къуэр
Есэнкъуэ Ахьмэд Лаврентий и къуэр
Канунникова Татьянэ Георгий и пхъэр
Кебеков Владимир Сэфарбий и къуэр
КъуэщIысокъуэ Залым Лев и къуэр
Кривко Михаил Николай и къуэр
Мечукаев Алихъан Азрэт и къуэр
Прытков Михаил Алексей и къуэр
Сэкрэк Заур Владимир и къуэр
Тхьэгъэлэдж Тимур Палушэ и къуэр
Хьэщпакъ Маринэ Щыхьбан и пхъэр
Ерчэн Азрэт Темболэт и къуэр.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Жылагъуэ шынагъуэншагъэмрэ коррупцэм пэщIэтыныныкIэ и комитетым и унафэщIу хэхын Кривко Михаил Николай и къуэр.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Жылагъуэ шынагъуэншагъэмрэ коррупцэм пэщIэтыныныкIэ и комитетым и унафэщIым и къуэдзэу хэхын Есэнкъуэ Ахьмэд Лаврентий и къуэр.

4. Есэнкъуэ Ахьмэд Лаврентий и къуэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и президиумым хэтщ икIи Жылагъуэ шынагъуэншагъэмрэ коррупцэм пэщIэтыныныкIэ и комитетым и унафэщIым и къуэдзэм и кIуалыкъуэ профессиональнэ лъабжьэм тету егъэзащIэ.

5. Мы Унафэм къару егъуэт ар къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ I ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2024 гъэм фокIадэм и 24-м
№15-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым БюджетымкIэ, налогхэмрэ финанс рынокымкIэ и комитетым хэтхэм ятеухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Регламентым и 22-нэ статьям илъ къэбар иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым БюджетымкIэ, налогхэмрэ финанс рынокымкIэ и комитетым хэгъэхьэн мы къыкIэлыкIуэхэр:

Ажий Валерэ Хьэбас и къуэр
Амшокъуэ ФатIимэт Къэралбий и пхъэр
Афэщлагъуэ Михаил Хьэлым и къуэр
Бещто Артур Мухьэрбий и къуэр
Кьайсин Залым Анатолэ и къуэр
Мэкъауэ Мурат Пётр и къуэр
Настаев Алисультэн Магамед и къуэр
Парафилов Дмитрий Валерэ и къуэр

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым БюджетымкIэ, налогхэмрэ финанс рынокымкIэ и комитетым и унафэщIу хэхын Афэщлагъуэ Михаил Хьэлым и къуэр.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым БюджетымкIэ, налогхэмрэ финанс рынокымкIэ и комитетым и унафэщIым и къуэдзэу хэхын Настаев Алисультэн Магамед и къуэр.

4. Мы Унафэм къару егъуэт ар къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ I ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2024 гъэм фокIадэм и 24-м
№16-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Экономикэ политикэмкIэ, инновацэ зыужьыныгъэмкIэ, туризмэмрэ хьэрычэт IэхуэмкIэкIэ и комитетым хэтхэм ятеухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Регламентым и 22-нэ статьям илъ къэбар иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Экономикэ политикэмкIэ, инновацэ зыужьыныгъэмкIэ, туризмэмрэ хьэрычэт IэхуэмкIэ и комитетым хэгъэхьэн мы къыкIэлыкIуэхэр:

Ажий Валерэ Хьэбас и къуэр
Аккиев Хьэсэн Мурадин и къуэр
Iэпщэ Заур Борис и къуэр
Бер Тимур Мухьадин и къуэр
Войтов Алексей Иван и къуэр
Зыхьэ Исльам Рашид и къуэр
Кьайсин Залым Анатолэ и къуэр
Кьудали Мухьэмэд Хьэмзэт и къуэр
Мэкъауэ Мурат Пётр и къуэр
Русс Владислав Гербет и къуэр
Токарь Виталий Анатолэ и къуэр.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Экономикэ политикэмкIэ, инновацэ зыужьыныгъэмкIэ, туризмэмрэ хьэрычэт IэхуэмкIэ и комитетым и унафэщIу хэхын Iэпщэ Заур Борис и къуэр.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Экономикэ политикэмкIэ, инновацэ зыужьыныгъэмкIэ, туризмэмрэ хьэрычэт IэхуэмкIэ и комитетым и унафэщIым и къуэдзэу хэхын Войтов Алексей Иван и къуэр.

4. Мы Унафэм къару егъуэт ар къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ I ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2024 гъэм фокIадэм и 24-м
№17-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Аграрнэ IэхуэхэмкIэ, щIыуэпсыр къэгъэсэбэпыныныкIэ, экологиемрэ дыкъэзыухъурейх дунейр хъумэныкIэ и комитетым хэтхэм ятеухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Регламентым и 22-нэ статьям илъ къэбар иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Аграрнэ IэхуэхэмкIэ, щIыуэпсыр къэгъэсэбэпыныныкIэ, экологиемрэ дыкъэзыухъурейх дунейр хъумэныкIэ и комитетым и унафэщIым и къуэдзэм хэхыгъуэ Емуз Нинэ Гъузер и пхъэр.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Аграрнэ IэхуэхэмкIэ, щIыуэпсыр къэгъэсэбэпыныныкIэ, экологиемрэ дыкъэзыухъурейх дунейр хъумэныкIэ и комитетым и унафэщIу хэхын Емуз Нинэ Гъузер и пхъэр.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Аграрнэ IэхуэхэмкIэ, щIыуэпсыр къэгъэсэбэпыныныкIэ, экологиемрэ дыкъэзыухъурейх дунейр хъумэныкIэ и комитетым и унафэщIым и къуэдзэм хэхын Емуз Нинэ Гъузер и пхъэр.

4. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Аграрнэ IэхуэхэмкIэ, щIыуэпсыр къэгъэсэбэпыныныкIэ, экологиемрэ дыкъэзыухъурейх дунейр хъумэныкIэ и комитетым и унафэщIу хэхын Емуз Нинэ Гъузер и пхъэр.

5. Мы Унафэм къару егъуэт ар къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ I ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2024 гъэм фокIадэм и 24-м
№18-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым УхуэныгъэмкIэ, псэупIэ-коммуналнэ хозяйствэмрэ гъэсныпхъэ-энергетикэ комплексымкIэ и комитетым хэтхэм ятеухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Регламентым и 22-нэ статьям илъ къэбар иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым УхуэныгъэмкIэ, псэупIэ-коммуналнэ хозяйствэмрэ гъэсныпхъэ-энергетикэ комплексымкIэ и комитетым хэгъэхьэн мы къыкIэлыкIуэхэр:

Войтов Алексей Иван и къуэр
Залиханов Елдар Михаил и къуэр
Кьаздахъуэ Альберт Билал и къуэр
Кьумал Заурбэч Мухьэмэд и къуэр
Мэзло Руслан БетIал и къуэр
Марцуль Олег Николай и къуэр
Настаев Алисультэн Магамед и къуэр
Шульга Василий Иван и къуэр.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым УхуэныгъэмкIэ, псэупIэ-коммуналнэ хозяйствэмрэ гъэсныпхъэ-энергетикэ комплексымкIэ и комитетым и унафэщIу хэхын Кьумал Заурбэч Мухьэмэд и къуэр.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым УхуэныгъэмкIэ, псэупIэ-коммуналнэ хозяйствэмрэ гъэсныпхъэ-энергетикэ комплексымкIэ и комитетым и унафэщIым и къуэдзэу хэхын Мэзло Руслан БетIал и къуэр.

4. Мы Унафэм къару егъуэт ар къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ I ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2024 гъэм фокIадэм и 24-м
№19-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым ПромышленностымкIэ, транспортымкIэ, связымрэ гъэугу хозяйствэмкIэ и комитетым хэгъэхьэн мы къыкIэлыкIуэхэр:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Регламентым и 22-нэ статьям илъ къэбар иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым ПромышленностымкIэ, транспортымкIэ, связымрэ гъэугу хозяйствэмкIэ и комитетым хэгъэхьэн мы къыкIэлыкIуэхэр:

Байдаев Сэлихь Мэхьмуд и къуэр
Кьалмыкъ Марат Альфред и къуэр
Кебеков Владимир Сэфарбий и къуэр
Мэзло Руслан БетIал и къуэр
Марцуль Олег Николай и къуэр
ПIэужь Ахьмэд Адэлбий и къуэр
Ерчэн Хьусен Жамболэт и къуэр.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым ПромышленностымкIэ, транспортымкIэ, связымрэ гъэугу хозяйствэмкIэ и комитетым и унафэщIу хэхын Кьалмыкъ Марат Альфред и къуэр.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым ПромышленностымкIэ, транспортымкIэ, связымрэ гъэугу хозяйствэмкIэ и комитетым и унафэщIым и къуэдзэу хэхын Байдаев Сэлихь Мэхьмуд и къуэр.

4. Байдаев Сэлихь Мэхьмуд и къуэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и президиумым хэтщ икIи ПромышленностымкIэ, транспортымкIэ, связымрэ гъэугу хозяйствэмкIэ и комитетым и унафэщIым и къуэдзэм и кIуалыкъуэ профессиональнэ лъабжьэм тету ирехьэкI.

5. Мы Унафэм къару егъуэт ар къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ I ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2024 гъэм фокIадэм и 24-м
№20-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмкIэ, физическэ щэнхабзэмкIэ, спортымрэ щIалэгъуалэм я IэхуэхэмкIэ и комитетым хэтхэм ятеухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Регламентым и 22-нэ статьям илъ къэбар иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмкIэ, физическэ щэнхабзэмкIэ, спортымрэ щIалэгъуалэм я IэхуэхэмкIэ комитетым хэгъэхьэн мы къыкIэлыкIуэхэр:

Алтуев Асльэн Ахьмэт и къуэр
Ахьмэт Амир Хьусен и къуэр
Байдаев Далхат Магомед и къуэр
Байсиев Темыржан Михьэмэт и къуэр
Бахъсэнокъуэ Залым Хьусен и къуэр
Емуз Нинэ Гъузер и пхъэр
Кьардэн Радик Анатолэ и къуэр
Коротких Ольгэ Алексей и пхъэр
Пентезиди Наталие Александр и пхъэр
Рахаев Анатолэ Измаил и къуэр
Хьэщпакъ Маринэ Щыхьбан и пхъэр
Шевчук Герман Алексей и къуэр
Шыпш Асльэн Мухьэмэд и къуэр.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмкIэ, физическэ щэнхабзэмкIэ, спортымрэ щIалэгъуалэм я IэхуэхэмкIэ и комитетым и унафэщIу хэхын Емуз Нинэ Гъузер и пхъэр.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмкIэ, физическэ щэнхабзэмкIэ, спортымрэ щIалэгъуалэм я IэхуэхэмкIэ и комитетым и унафэщIым и къуэдзэм хэхын Емуз Нинэ Гъузер и пхъэр.

4. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмкIэ, физическэ щэнхабзэмкIэ, спортымрэ щIалэгъуалэм я IэхуэхэмкIэ и комитетым и унафэщIу хэхын Емуз Нинэ Гъузер и пхъэр.

5. Мы Унафэм къару егъуэт ар къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ I ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2024 гъэм фокIадэм и 24-м
№21-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым ЛэжьыгъэмкIэ, социальнэ политикэмкIэ, узыншагъэр хъумэныгъэ ветеранхэм я IэхуэхэмкIэ и комитетым хэтхэм ятеухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Регламентым и 22-нэ статьям илъ къэбар иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым ЛэжьыгъэмкIэ, социальнэ политикэмкIэ, узыншагъэр хъумэныгъэ ветеранхэм я IэхуэхэмкIэ и комитетым хэгъэхьэн мы къыкIэлыкIуэхэр:

Амщокъуэ ФатIимэт Къэралбий и пхъэр
Бахъсэнокъуэ Залым Хьусен и къуэр
Безгодькъо Владимир Фёдор и къуэр
Бер Тимур Мухьэдин и къуэр
Къэжэр Хьусен Хьэмид и къуэр
Дадэ МуIэед Алий и къуэр
Канунникова Татьянэ Георгий и пхъэр
Мечукаев Алихъан Азрэт и къуэр
Миронкин Алексей Николай и къуэр
ПIэужь Ахьмэд Адэлбий и къуэр
Тхьэгъэлэдж Тимур Палушэ и къуэр
Хьэрэдурэ Заурбий Музрач и къуэр
Шевчук Герман Алексей и къуэр
Ерчэн Хьусен Жамболэт и къуэр.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым ЛэжьыгъэмкIэ, социальнэ политикэмкIэ, узыншагъэр хъумэныгъэ ветеранхэм я IэхуэхэмкIэ и комитетым и унафэщIу хэхын Хьусен Хьэмид и къуэр.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым ЛэжьыгъэмкIэ, социальнэ политикэмкIэ, узыншагъэр хъумэныгъэ ветеранхэм я IэхуэхэмкIэ и комитетым и унафэщIым и къуэдзэм хэхын Безгодькъо Владимир Фёдор и къуэр, Шевчук Герман Алексей и къуэр.

4. Безгодькъо Владимир Фёдор и къуэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Президиумым хэтщ икIи ЛэжьыгъэмкIэ, социальнэ политикэмкIэ, узыншагъэр хъумэныгъэ ветеранхэм я IэхуэхэмкIэ и комитетым и унафэщIым и къуэдзэм и кIуалыкъуэ профессиональнэ лъабжьэм тету егъэзащIэ.

5. Мы Унафэм къару егъуэт ар къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ I ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2024 гъэм фокIадэм и 24-м
№22-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым ЩэнхабзэмкIэ, граждан жылагъуэм зегъэужьныныр хъыбарегъащIэ политикэмкIэ и комитетым хэтхэм ятеухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Регламентым и 22-нэ статьям илъ къэбар иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым ЩэнхабзэмкIэ, граждан жылагъуэм зегъэужьныныр хъыбарегъащIэ политикэмкIэ и комитетым хэгъэхьэн мы къыкIэлыкIуэхэр:

Аккиев Хьэсэн Мурадин и къуэр
Ахьмэт Амир Хьусен и къуэр
Байсиев Темыржан Михьэмэт и къуэ
Беспаловэ Наталье Олег и пхъэр
Бжьахъуэ Ранетэ Башир и пхъэр
Кьардэн Радик Анатолэ и къуэр
Коротких Ольгэ Алексей и пхъэр
Пащты Борис Сультэн и къуэр
Рахаев Анатолэ Измаил и къуэр
Текуев Iэмырбий Хьэнэпий и къуэр
Шыпш Асльэн Мухьэмэд и къуэр.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым ЩэнхабзэмкIэ, граждан жылагъуэм зегъэужьныныр хъыбарегъащIэ политикэмкIэ и комитетым и унафэщIу хэхын Текуев Iэмырбий Хьэнэпий и къуэр.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым ЩэнхабзэмкIэ, граждан жылагъуэм зегъэужьныныр хъыбарегъащIэ политикэмкIэ и комитетым и унафэщIым и къуэдзэу хэхын Бжьахъуэ Ранетэ Башир и пхъэр.

4. Мы Унафэм къару егъуэт ар къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ I ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2024 гъэм фокIадэм и 24-м
№23-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Къэпщытэныгъэмрэ регламентымкIэ и комитетым хэтхэм ятеухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Регламентым и 22-нэ статьям илъ къэбар иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Къэпщытэныгъэмрэ регламентымкIэ и комитетым хэгъэхьэн мы къыкIэлыкIуэхэр:

Бжьахъуэ Ранетэ Башир и пхъэр
Кансаевэ Еленэ Идрис и пхъэр
Миронкин Алексей Николай и къуэр
Парафилов Дмитрий Валерэ и къуэр
Пащты Борис Сультэн и къуэр
Пентезиди Наталие Александр и пхъэр.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Къэпщытэныгъэмрэ регламентымкIэ и комитетым и унафэщIу хэхын Кансаевэ Еленэ Идрис и пхъэр.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Къэпщытэныгъэмрэ регламентымкIэ и комитетым и унафэщIым и къуэдзэу хэхын Пащты Борис Сультэн и къуэр.

4. Мы Унафэм къару егъуэт ар къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ I ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2024 гъэм фокIадэм и 24-м
№24-П-П

Хэхъуэхэм, мылъкум, мылъкум пыщIа къалэнхэм ятеухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэм къат хьыбархэм я пэжыпIэр къэпщытэныгъэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и комиссэ хэхыным и къыщIэкIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Iэхуэ кIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 27-1-нэ статьям, хэхъуэхэм, мылъкум, мылъкум пыщIа къалэнхэм ятеухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэм къат хьыбархэм я пэжыпIэр къэпщытэныгъэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и комиссэм теухуа Положенэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым 2013 гъэм гъатхэпэм и 27-м кьыдигъэкIа унафэ №1496-П-П-мкIэ кьищтам, илъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. Хэхъуэхэм, мылъкум, мылъкум пыщIа къалэнхэм ятеухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэм къат хьыбархэм я пэжыпIэр къэпщытэныгъэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и комиссэ кьызэгъэпэщын Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и ебланэ хэхыгъуэм и полномочиехэм кьыриыдзу щIэну икIи абы хэгъэхьэн мы къыкIэлыкIуэхэр:

Жанатаев С. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ I ым и къуэдзэр, «Урысей зэкъуэт» урысейпсо политикэ партым и фракцу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым щIэм хэтыр *(комиссэм и унафэщIым и къуэдзэщ);*

Джатэ Р. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Законодательствэмрэ щIыпIэ унафэр зегъэкIуэным пыщIа IэхуэхэмкIэ и комитетым и унафэщIым и къуэдзэр, «Урысей зэкъуэт» урысейпсо политикэ партым и фракцу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым щIэм хэтыр *(комиссэм и унафэщIым и къуэдзэщ);*

Кривко М. Н. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Жылагъуэ шынагъуэншагъэмрэ коррупцэм пэщIэтыныныкIэ и комитетым и унафэщIым, «Урысей зэкъуэт» урысейпсо политикэ партым и фракцу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым щIэм хэтыр *(комиссэм и унафэщIым и къуэдзэщ);*

Афэщлагъуэ М. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым БюджетымкIэ, налогхэмрэ финанс рынокымкIэ и комитетым и унафэщIым, «Урысей зэкъуэт» урысейпсо политикэ партым и фракцу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым щIэм и унафэщIым;

Безгодькъо В. Ф. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым ЛэжьыгъэмкIэ, социальнэ политикэмкIэ, узыншагъэр хъумэныгъэ ветеранхэм я IэхуэхэмкIэ и комитетым и унафэщIым и къуэдзэр, «Урысейм и либерал-демократие партI» политикэ партым и фракцу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым щIэм и унафэщIыр;

Кансаевэ Е. И. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Къэпщытэныгъэмрэ регламентымкIэ и комитетым и унафэщIыр, «Урысей зэкъуэт» урысейпсо политикэ партым и фракцу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым щIэм и унафэщIым и къуэдзэр;

Кёбеков В. С. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Жылагъуэ шынагъуэншагъэмрэ коррупцэм пэщIэтыныныкIэ и комитетым хэтыр, «Захуагъэ здэщыIэ Урысей - Хэкупсэкэр - Пэжым и телъэсу» политикэ партым и фракцу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым щIэм и унафэщIыр;

Пащты Б. С. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Къэпщытэныгъэмрэ регламентымкIэ и комитетым и унафэщIым и къуэдзэр, «Урысей Федерацэм и Коммунист партI» политикэ партым и фракцу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым щIэм и унафэщIыр;

ЩIэзэгъэпсо С. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Аграрнэ IэхуэхэмкIэ, щIыуэпсыр къэгъэсэбэпыныныкIэ, экологиемрэ дыкъэзыухъурейх дунейр хъумэныкIэ и комитетым и унафэщIым и къуэдзэр, «ЩIэуэнтIэкIэр» урысей экологие партым и фракцу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым щIэм и унафэщIыр.

2. Мы Унафэм къару егъуэт ар къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ I ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2024 гъэм фокIадэм и 24-м
№25-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ Парламент Ассоциацэм хэтхэм я IэхуэхэмкIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Кавказ Ищхъэрэ Парламент Ассоциацэм и Уставым и 7-нэ статьям и 1-нэ Iыхьэм, Кавказ Ищхъэрэ Парламент Ассоциацэм и Регламентым и 17-нэ, 20-нэ статьяхэм япкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. Кавказ Ищхъэрэ Парламент Ассоциацэм и советым и лIыкIуэу хэгъэхьэн:

Егоровэ Татьянэ Борис и пхъэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ I ыр

Кьардэн Мурат Наусбий и къуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ I ым и къуэдзэр.

2. Кавказ Ищхъэрэ Парламент Ассоциацэм и комитетхэм я лIыкIуэу хэгъэхьэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэу мы къыкIэлыкIуэхэр:

Мэлбахьуэ Борис Хьэмидбий и къуэр - законодательствэм, къэрал ухуэкIэмрэ щIыпIэ унафэр зегъэкIуэнымрэ яплъыщIа IэхуэхэмкIэ комитетым

Iэпщэ Заур Борис и къуэр - экономикэ политикэмрэ бюджет IэхуэхэмкIэ комитетым

Байдаев Сэлихь Мэхьмуд и къуэр - промышленнэ зыужьныгъэм и IэхуэхэмкIэ комитетым

Емуз Нинэ Гъузер и пхъэр - социальнэ политикэмкIэ, щIэныгъэмкIэ, щэнхабзэмрэ егъэджэныгъэмкIэ комитетым

ТекIушэ Артур Александр и къуэр - аграрнэ IэхуэхэмкIэ щIыуэпсыр къэгъэсэбэпыныныкIэ комитетым

Безгодькъо Владимир Фёдор и къуэр - лъэпкъ зэхущытыкIэхэмрэ парламент зэхуакъ зэпыщIэныгъэхэмкIэ комитетым

ЩIэзэгъэ Германэ Алексей и къуэр - щIалэгъуалэм я IэхуэхэмкIэ, туризмэмрэ спортымкIэ комитетым.

3. Кьару имыIэжу кьэлыытэн «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ Парламент Ассоциацэм щыIэхэм я Iэхуэкъэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым 2019 гъэм фокIадэм и 23-м кьищта унафэ №24-П-П-м.

4. Мы Унафэр Кавказ Ищхъэрэ Парламент Ассоциацэм егъэхьын.

5. Мы Унафэм къару егъуэт ар къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ I ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2024 гъэм фокIадэм и 24-м
№26-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и лIыкIуэу ТелерадиовещанэмкIэ къэрал конкурс комиссэм хэтым и Iэхуэкъэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

ТелерадиовещанэмкIэ къэрал конкурс комиссэм теухуа Положенэм, Связым, хьыбарегъащIэ технологиехэм, щIыхьэ коммуникацэхэм я IэнатIэм щыкIэлыпIэныныкIэ къэрал кьулыкъущIапIэм 2012 гъэм накьыгъэм и 25-м кьыдигъэкIа унафэ №522-мкIэ кьищтам, илъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и лIыкIуэу ТелерадиовещанэмкIэ къэрал конкурс комиссэм хэгъэхьэн Текуев Iэмырбий Хьэнэпий и къуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым ЩэнхабзэмкIэ, граждан жылагъуэм зегъэужьныныр хъыбарегъащIэ политикэмкIэ и комитетым и унафэщIым.

2. Кьару имыIэжу кьэлыытэн «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и лIыкIуэу ТелерадиовещанэмкIэ къэрал конкурс комиссэм хэтым и Iэхуэкъэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым 2019 гъэм фокIадэм и 23-м кьищта унафэ №25-П-П-м.

3.

Илъэс 50-м къыпхаха зэныбжьэгъуГъэ

1967 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и медицинэ факультетым хихьэу къыззIуахауэ щытащ фикультурэм и гъэджакIуэхэр щагъэхьэзыр къудамэ. Псы куэд ежэхащ абы лъандэрэ икIи а Iэщ1агъэм хуеджахэм я цIэ фIыкIэ зэпымыууэ къэIуащ а зэманым къриубыдэу. Нобэ зи гугъу фхуэщIыпнуэрэ ар 1974 гъэм къуахащ. Нэхъ тэмэму жыпIэмэ, ятэщIыкIэ 1970 гъэм ахэр щIэтIысхьащ медицинэ факультетым и къудамэм, ауэ къаухар 1972 гъэм щхьэхуэу къыззрагъэпэща, физкультурэмрэ спортымкIэ факультетыщ. Абы лъандэрэ илъэс 50 дэкIащ.

Нэхъыжьыфiхэм ягу къыззрагъэкIыжымкIэ, тэмэму уеджэн, уи Iэщ1агъэм, щIэныгъэм хэбгъэхъуэн папщIэ, узыхуейуэ хъуар псори щыIэт а зэманым. Анатомиемрэ физиологиемрэ медицинэ факультетым щаджырт, гимнастикэмкIэ дерсыр КъБКъУ-м и корпус нэхъыщхьэм, баскетболымкIэ - Гидромет заводым и спортзалым, ритмикэ гимнастикэмкIэ - танцзалым, псы есынымкIэ - Долинск щIэ бассейным щрагъэкIуэкIырт.

КъБКъУ-м езым и спорт залыр щаухуэм а лэжьыгъэхэм хэлIыфIыхащ нобэрей ди хьащIэхэрэм. Университетым дзэ хуэIухуэщIэхэм щыхурагъаджэ кафедрэр къыщыззIуахами, абы щIэтIысхьэри, сборхэм щыIа нэужь, офицер нагъыщэхэри къратауэ щытащ.

1970 гъэм Медфакым физкультурэмкIэ егъэджакIуэхэр щагъэхьэзыр и къудамэм псори зэхэту щIыкIу 50 къыщIауэ щытащ, ауэ ар къзэныкар 39-рщ.

Иджы, университетым къыззрыщIэкIрэ мы гъэм илъэс 50 зэрырикъур ягъэлъапIэну, зэрыплъагъуну зэхуэсахэщ зэдеджакэр, зи щIалэгъуэр зэдзэпгъэкIуахэр, ныбжьэгъу пэж зэхуэхъуахэр. ЗэIущIэм щхьэусыгъуэ зэхуэмыдэхэмкIэ хъемыкIуэлIэфахэри щыIэщ. Псом нэхърэ нэхъыщхьэращи, газетым къытхуебгъэгъа лIы къекIуэжм къыхаха Iэщ1агъэм я гъащIэр тыхь хуащIащ, гурэ псэкIэ я лэжьыгъэм бгъэдэтащ, лъэпкъыр узынщэн, щIэблэ дахэ дгIэн папщIэ я къарри, я эмоциитIу. Ди газетым и лэжьакIуэхэм къабгъэдэкIыу фIыщIэ ин яхудощI абыхэм, узынщагъэрэ дзрэжэгъуэрэ щымыщIэу илъэс куэдкIэ дяпэ итыну ди гуапэщ!

Иджы ахэр нэхъ гъунэгъуу фэдгъэцIыхуну, я Iуэхущ1афэхэм щыгъуазэ фытщIыну дыхуейщ.

УнащIэ Григорий Тэрч щIыналъэм хыхьэ Акъбащ Ипщэ жылэм 1946 гъэм гъатхэпэм и 1-м къыщалъхуащ. УФ-м щIыхь зиIэ и тренерщ.

Григорий и гъэсэнхэм яхэтащ 1992 гъэм бэнэкIэ хуитымкIэ екIуэкIа дунейпсо чемпионатым япэ ивыпIэр къыщызыхьа, 1998 гъэм дунейпсо Кубокыр зи щхьэщыгум щызыIэта, дунейпсо классымкIэ спортым и мастер Къазий Алексей. А бэнакIуэ цIэрыIуэр иужькIэ тренер хъуа нэужь игъэсащ Олимп джэгуэм дыжьын медаль къыщызыхьа Жэду Iэниуар.

Апхуэдэуи Григорий и гъэсэнхэм яхэтащ СССР-м бэнэкIэ хуит лIэужьыгъуэмкIэ спортым и мастер, дуней псом, Европэм, СССР-м щекIуэкIа зэхьэзэхуэхэм мызэ-мытIэу къыщыхьэныкIа Гугъэтых Муэед. ИужькIэ ари езыр тренер хъужри, Алжирым, ЮАР-м, нэгъуэщI къэралхэми я командхэм ядалэжащ.

УнащIэм и гъэсэнщ 1992 гъэм Урысейм и чемпионатым ещанэ ивыпIэр къыщызыхьа, дунейпсо зэхьэзэхуэхэм – Вьетнамым, ЮАР-м, нэгъуэщIхэми щытекIуа, Урысейм и профсоюзхэм я чемпионатым япэ щыхъуа Шэрий Асльэн. Абы и щIалэ Иналбэч езым игъэсэжащ. Иналбэч УФ-м и чемпионщ, дуней псом пашэныгъэр къыщыхьыным хуэунэтIауэ екIуэкIа зэхьэзэхуэм щытекIуащ, УФ-м и командэ къыхэхам хэтщ.

УнащIэ Григорий игъэсащ Хьэщ1эмахуэ Анзорий, къэралми хамэ щIыпIэхэми мызэ-мытIэу щытекIуар. Кавказ Ищхъэрэм и япэ олимпиадэу Налшык къалэм щекIуэкIамрэ Ставрополь къалэм щызэхэта спартакиадэмрэ япэ увыпIэкэр къыщихьащ. Шэрий Асльэн игъуэсу абы и щIалэхэр игъэсащ.

УнащIэм и гъэсэнхэм яхэтщ УФ-м пашэныгъэр къыщыхьыныкIэ екIуэкIа зэхьэзэхуэхэм етIуанэ, ещанэ увыпIэхэр къыщызыхьа, Кавказ Ищхъэрэм и олимпиадэмрэ Ставрополь щекIуэкIа спартакиадэмрэ япэ щыхъуа Хьущт Ратмири.

ЕхъулIэныгъэфIэр яIащ Багъэтыр Жамболэт, Бэрэгъун Рашид, Гуаэз Виталий, ЛыIэщын Астемыр сымэ, нэгъуэщIхэми.

Угъурлы Мухьэмэд Дзэлыкъуэ щIыналъэм хыхьэ Сэрмакъ къуажэм 1952 гъэм гъатхэпэм и 29-м къыщалъхуащ.

Университетыр къиуха нэужь Мухьэмэд Къармэкъоблэ дэт курыт еджапIэ №1-м физкультурэмкIэ егъэджакIуэу 1978 гъэ пщIондэ щыIэжащ. ИужькIэ 1985 - 1993 гъэхэм Светловодскэ школым щиригъэджащ. 1998 - 2013 гъэхэм физкультурэмкIэ егъэджакIуэу, курыт еджапIэм и унафэщIым гъэсэныгъэ лэжьыгъэхэмкIэ и къуэдзэу щытащ, директорым и къалэнхэри пIалъэкIэ игъэзэщIащ. Иджыпсту еджапIэр зыхуейзыхуэфIхэмкIэ къызэгъэпэщыныкIэ IэщIагъэлIу мэлажьэ.

Мухьэмэд и лэжьыгъэхэм къапэкIуэу Дзэлыкъуэ щIыналъэ адміністрацэм и къудамэхэм, комсомолым я щIыхь тхыльэ зыбжанэ къратащ.

Псори зэхэту илъэс 50 хъуауэ Iэнатlэ пэрытщ, абы щыщу илъэс 39-кIэ егъэджакIуэу лэжьащ.

Уэлджыр Асльэнбэч Тэрч щIыналъэм хыхьэ Акъбащ Ипщэм 1948 гъэм гъатхэпэм и 1-м къыщалъхуащ.

Университыр къиуха нэужь Асльэнбэч физкультурэмкIэ егъэджакIуэу игъэзэжащ щалъхуа къуажэм. ИужькIэ сабийхэр щагъаезэ спорт еджапIэм (ДЮСШ) тренеру ягъэкIуащ. Куэд дэмыкIыу ар щIлэжьа ДЮСШ-р сабий зэчиифIэхэр Олимп джэгуэм щыхуагъэхьэзыр еджапIэ ящIащ. Асльэнбэч и гъащIэм и нэхъыбэр абы епхауэ къэгъэгурыкIуащ.

Уэлджырым и гъэсэнхэм къахэкIащ СССР-мрэ УФ-мрэ алыдж-ирыр бэнэкIэмкIэ спортым и мастер куэд, къэралми дунейпсо утыкушхуэхэми мызэ-мытIэу къыщыхэжаныкIахэр. Абыхэм яхэтщ Лыкъуэжьыз Зауррэ Анзоррэ, Кьардэн Анзор (Олимп джэгуэм я чемпион Хьущт Асльэнбэч и тренерыр), Къхуэнэ Станислав, Умар Залым сымэ, нэгъуэщIхэри.

И лэжьыгъэфIэхэм къапэкIуэу Асльэнбэч къыхуагъэфащащ КъБР-м и Парламентым, КъБР-м Физкультурэмрэ спортымкIэ и къэрал комитетым, КъБР-м ЕгъэджэныгъэмкIэ и министерствэм, Тэрч щIыналъэ адміністрацэм я щIыхь тхыльхэр, нэгъуэщIхэри.

2008 гъэм щегъэжьауэ Уэлджырыр ДЮСШОР-м и профсоюз комитетым и тхьэмадэщ. Урысей Федерацэм Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и профсоюз комитетым и президиум нэхъыщхьэм и щIыхь тхыльыр къратащ, «Урысейм и профсоюзхэм илъэсиI 100 ирокъу» медальр щIыгъуу.



Хьуран Мухьэрбий Бахьсэн щIыналъэм хыхьэ Ислъэмей къуажэм 1948 гъэм дыгъэгъаезм и 6-м къыщалъхуащ.

Университетым щIэтIысхьэн ипэ кьиуэу Мухьэрбий СКЭП-м щыпэжьащ, абы и топджэгу командэм хэту КъБАССР-м и Кубокыр кьихьащ. 1974 гъэм Налшык къалэм и 21-нэ зэхьэлым щылэжьащ, абы къыдэкIуэу, 1437-нэ автоколоннэм и «Шагъдий» командэм и капитану щытащ. А командэм хэту плIэнейрэ КъБАССР-м и чемпион хъуауэ, Кубокыр щэ кьихьащ.

1981 гъэм футболымкIэ «Iуащ1эмахуэ» ДЮСШОР-м и завучу лэжьащ Мухьэрбий. А илъэсхэм командэр щытекIуащ РСФСР-м и сабийныбжьыщIэ спорт школхэм, интернатхэм я зэхьэзэхуэхэм. 1985 гъэм СССР-м и республикэхэм, Мэскуу, Ленинград къалэхэм футболымкIэ я чемпионатымрэ и кIэух зэпеуэр Налшык щрагъэкIуэкIыну дзыхь кьрагъэзауэ щытащ. Абы пыщIа лэжьыгъэр псори езыгъэкIуэкIар «Iуащ1эмахуэ» ДЮСШОР-рщ.

1988 гъэм къыщыщIэдзауэ Хьураныр тренеру лэжьащ икIи Урысейм ныбжьыщIэхэмкIэ и командэ къыхэхам тпджэгуитI – Зубков Денисрэ Шэрий Анзоррэ, Налшык и «Спартак»-м – Зубков Денис, Шэрий Анзор, ГъукIапщэ Мухьэмэд сымэ яхуигъэхьэзыращ.

1998 гъэм завучу, иужькIэ унафэщIу лэжьащ. А лъэхъэнэм кьриубыдзу ДЮСШОР-м и командэр къэралым и зэхьэзэхуэ куэдым щытекIуащ, 2005 гъэм Урысей Ипщэм и еджакIуэхэм я спартакиадэм ещанэ, 2009 гъэм - етIуанэ щыхъуащ. Урысейм и щIалэгъуалэ командэ кьыхэхам хуагъэхьэзыращ Нэхущ Руслан, Митришев Магомед, Болэ Руслан сымэ, Урысей Ипщэм и командэм – Балэ Альберт.

Хьуран Мухьэрбий и лэжьыгъэхэм къапэкIуэу кьыхуагъэфэщащ Урысейм егъэджэныгъэмкIэ и отличник, КъБР-м физкультурэмрэ спортымкIэ щыхъ зиIэ и лэжьакIуэ цIэльапIэхэр, Урысейм Физкультурэмрэ спортымрэ я зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэфI зэрыхуищам папщIэ, щыхъ дамыгъэ я къратащ.

Къуэжьокъуэ Хьусен Аруан щIыналъэм хыхьэ Шэрдж Ищхъэрэм 1952 гъэм дыгъэгъаезм и 21-м къыщалъхуащ.

Университетыр къиуха нэужь, щалъхуа къуажэжьым дэт курыт еджапIэм физкультурэмкIэ егъэджакIуэу игъэзэжащ Хьусен икIи и гъащIэм щыщу илъэс 40-м щIигъу абы иритащ. Илъэс 40-м щыщу илъэс 22-м унафэщIу, илъэси 4-м директорым и егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэхэмкIэ и егъэдзэу, илъэс 14-кIэ – физкультурэмкIэ егъэджакIуэу щылэжьащ ар абы.

Шэрдж Ищхъэрэм и школым и еджакIуэ цIыкIуэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щекIуэкIа спорт зэхьэзэхуэ зэхуэмыдэхэм къэдгъэщтекIуащ, призер щыхъуащ.

1983 гъэм «Орлёнок» пионер лагерым щызэхэта «Старты надежд» спорт зэхьэзэхуэхэм ебланэ, 1987 гъэм – етIуанэ ивыпIэкэр къыщыхьащ. 1991 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и лIыкIуэу Шэрэдж Ищхъэрэм и еджакIуэ цIыкIуэхэр хэтащ «Артек» пионер лагерым щекIуэкIа, Сабийхэм я союзэпсо спорт джэгуэм.

1996, 1997, 1998 гъэхэм хэтащ «Илъэсым и школ» Урысейпсо зэхьэзэхуэм икIи абыхэм я лауреат хъуащ. Хьусен иригъэджажэм ящIыщу тIощIым хуэдизым КъБКъУ-м физическэ гъэсэныгъэмкIэ и факультетыр къаухащ. ЕджакIуэ тIощIым щIигъу физкультурэмкIэ егъэджакIуэхэм я щIыналъэ олимпиадэхэм щытекIуащ, саугъэт зэмылIэужьыгъуэхэр кьыщыхьащ.

Къуэжьокъуэм спорт лIэужьыгъуэ псомкIи хъарзынэу лэжьыгъэхэр школым щызэтригъаувэт, ауэ ехъулIэныгъэ нэхъыфIэхэр къэзыгъэлъэгуэхэр атлетикэ псынщIэм зыхуэзыгъэсахэрщ. ЕджакIуэхэм я урысейпсо олимпиадэм, «Физическэ щэнхабзэм» и кIэух зэхьэзэхуэм икIащ абы и гъэсэну щыхуих. 2008 гъэм Гъубжокъуэ Ратмир олимпиадэм и призер хъури, экзамен ирамигъэту КъБКъУ-м физкультурэмрэ спортымкIэ и факультетым щIэтIысхьащ.

Къуэжьокъуэ Хьусен РСФСР-м ЕгъэджэныгъэмкIэ и отличникщ, РСФСР-м и «ЕгъэджакIуэ-методистщ нэхъыфIщ», КъБАССР-м щыхъ зиIэ и егъэджакIуэщ, КъБР-м и комсомолым и саугъэтым и лауреатщ, УФ-м егъэджэныгъэмкIэ щыхъ зиIэ и лэжьакIуэщ. СССР-м, УФ-м, КъБР-м я щыхъ, фIыщIэ тхыльу, диплом нэхъыщхьэу 20-м нэблагъэ иIэщ.



Тубай Радик Тэрч щIыналъэм хыхьэ Курп Ищхъэрэ къуажэм 1954 гъэм мэлыжьыхьым и 8-м къыщалъхуащ.

1974 гъэм университетыр къиуха нэужь, Радик щалъхуа къуажэм игъэзэжащ икIи 1983 гъэ пщIондэ фикультурэмкIэ егъэджакIуэу школым щылэжьащ. 1983 гъэм щегъэжьауэ 1992 гъэ пщIондэ Арыкъ къуажэм физкультурэмрэ дзэ хуэIухуэщIэхэмкIэ щригъэджащ. 1992 - 1996 гъэхэм Тэрч къалэм и курыт еджапIэм физкультурэмкIэ егъэджакIуэу щыIащ. ИужькIэ, 1996 гъэм, Къаншыуей къиугъэзэри, къуажэ школым и директору лэжьащ. 2000 гъэм абы иратекIри, Тэрч къалэм ЩIалэгъуалэм я центрым и унафэщIу ягъэкIуащ икIи 2008 гъэ пщIондэ абы щылэжьащ.

2010 гъэм щегъэжьауэ нобэр къыздэсым Налшык къалэм шахматымрэ шашкэмкIэ и клубым и унафэщIщ.

Урысей Федерацэм физкультурэмрэ спортымкIэ щыхъ зиIэ и лэжьакIуэщ. И лэжьыгъэм кьыпэкIуэу щыхъ тхыльрэ фIыщIэ писмоуэ пщIы бжыгъэхэр кьыхуагъэфэщащ.



Къуащхьэ Хьэбыж Iуащхьэмахуэ щIыналъэм хыхьэ Гундэлан къуажэм 1953 гъэм мэлыжьыхьым и 25-м къыщалъхуащ.

Университетыр къиуха нэужь Хьэбыж Бахьсэн щIыналъэм хыхьэ Зеикъуэ къуажэм и курыт еджапIэм физкультурэмкIэ щригъэджащ, СССР-м ЗыхъэлмэжьныгъэмкIэ и министерствэм и турист базэм и инструктор нэхъыщхьэу, Дзэлыкъуэ, Бахьсэн щIыналъэхэм, Владикавказ къалэм я военкоматхэм я къудамэхэм я унафэщIу, Осетие Ищхъэрэ – Алание республикэм и дзэ комиссарым и яIэ къуздзэу, Урысей Ипщэм Iулъхьэм пэщIэтыныгъэмкIэ и комитетым и къудамэм и унафэщIу лэжьащ. Куржьы-Абхъаз зэпэщIэувэныгъэм хэтащ.

ДыщэкI Руслан Аруан щIыналъэм хыхьэ Хьэтуей къуажэм 1952 гъэм мэлыжьыхьым и 12-м къыщалъхуащ.

Университетыр къиуха нэужь Руслан «Ак-Су» турбазэм физкультурэмкIэ егъэджакIуэу, КъБССР-м СпортымкIэ и комитетым и инструктору, «Урожай» ДСО-м бэнэкIэ хуитымкIэ и тренеру, Шэджэм районым Олимп джэгуэм хэтыфIыу къалъытэ сабий зачиифIэхэр щагъэхьэзыр еджапIэм (ДЮСШОР-м) и унафэщIу, Нарткъалэ и курыт школ №4-м и егъэджакIуэу, сабий-ныбжьыщIэ спорт еджапIэм бэнэкIэ хуитымкIэ тренеру, Нарткъалэ къалэ советым и тхьэмадэу илъэс зэхуэмыдэхэм пэжащ.

СССР-м бэнэкIэ хуит лIэужьыгъэмкIэ спортым и мастерщ.



Зэгъэщтокъуэ Хьэбас Бахьсэн щIыналъэм хыхьэ Псыхъурей къуажэм 1946 гъэм бадзэуэгъуэм и 22-м къыщалъхуащ.

Университетыр къиуха нэужь Дзэлыкъуэ щIыналъэм щыщ Дзэлыкъуэ къуажэм дэт курыт еджапIэ №91-м, Псыхъурей и курыт еджапIэм дзэ хуэIухуэщIэхэмрэ физкультурэмкIэ егъэджакIуэу щылэжьащ.

И лэжьыгъэфIхэм кьапэкIуэу Хьэбас къалэ администрацэм ЕгъэджэныгъэмкIэ и управленэм и фIыщIэ тхыльыр, егъэджакIуэхэм я профсоюзым и ЩIыхь тхыльыр къратащ.

Елэжьар
ХЬэщ1ыкIъуЕй Олегщ.

Иджыпсту Мэзкуу областым щопсэу.

КIэмпIарэ Хьэбалэ Тэрч щIыналъэм хыхьэ Курп Ищхъэрэ къуажэм 1954 гъэм мазаем и 26-м къыщалъхуащ.

Университетыр къиуха нэужь Хьэбалэ Тэрч къалэм дэт ДЮСШ-м волейболымкIэ тренер-егъэджакIуэу илъэситIкIэ щылэжьащ, 1976 гъэм щегъэжьауэ 1993 гъэ пщIондэ «Спартак» республикэ зэгухьэныгъэм егъэджэныгъэмрэ спортымкIэ и къудамэм и инструктор нэхъыщхьэ, иужькIэ унафэщIу лэжьащ. 1993 - 2008 гъэхэм «Урысей» Спорт-физкультурэ зэгухьэныгъэм, Урысейм и Профсоюзхэм яйм, и унафэщIым и къуэдзэу лэжьащ. 2008 - 2017 гъэхэм Налшык къалэм футболымкIэ и ДЮСШОР-м и унафэщIым и къуэдзэу щытащ.

КъБР-м СпортымкIэ и министерствэм и щIыхь тхыльыр къратащ, УФ-м физкультурэмкIэ и отличникщ.



ДыщэкI Руслан Аруан щIыналъэм хыхьэ Хьэтуей къуажэм 1952 гъэм мэлыжьыхьым и 12-м къыщалъхуащ.

Университетыр къиуха нэужь Руслан «Ак-Су» турбазэм физкультурэмкIэ егъэджакIуэу, КъБССР-м СпортымкIэ и комитетым и инструктору, «Урожай» ДСО-м бэнэкIэ хуитымкIэ и тренеру, Шэджэм районым Олимп джэгуэм хэтыфIыу къалъытэ сабий зачиифIэхэр щагъэхьэзыр еджапIэм (ДЮСШОР-м) и унафэщIу, Нарткъалэ и курыт школ №4-м и егъэджакIуэу, сабий-ныбжьыщIэ спорт еджапIэм бэнэкIэ хуитымкIэ тренеру, Нарткъалэ къалэ советым и тхьэмадэу илъэс зэхуэмыдэхэм пэжащ.

СССР-м бэнэкIэ хуит лIэужьыгъэмкIэ спортым и мастерщ.

Зэгъэщтокъуэ Хьэбас Бахьсэн щIыналъэм хыхьэ Псыхъурей къуажэм 1946 гъэм бадзэуэгъуэм и 22-м къыщалъхуащ.

Университетыр къиуха нэужь Дзэлыкъуэ щIыналъэм щыщ Дзэлыкъуэ къуажэм дэт курыт еджапIэ №91-м, Псыхъурей и курыт еджапIэм дзэ хуэIухуэщIэхэмрэ физкультурэмкIэ егъэджакIуэу щылэжьащ.

И лэжьыгъэфIхэм кьапэкIуэу Хьэбас къалэ администрацэм ЕгъэджэныгъэмкIэ и управленэм и фIыщIэ тхыльыр, егъэджакIуэхэм я профсоюзым и ЩIыхь тхыльыр къратащ.

Елэжьар
ХЬэщ1ыкIъуЕй Олегщ.

Бжьыхьэ дыщафэм дгъэлъапIэхэм ящыщщ Зи ныбжь хэкIуэтахэм я дунейпсо махуэр. Абы дигу къигъэкIыж хуэдэщ ди нэхъыжьхэм гулъытэ зэрахуэтщIыпхъэр, дадэIэпыкъун, пщIэ яхуэтщIын зэрыхуейр. Махуэшхуэр 1991 гъэ iландэрэ дуней псом щагъэлъапIэ.

ЖЬЫГЪЭР дыщэ лъэхъэнэу къалъытэ. Апхуэдэ дыдэу «бжьыхьэ дыщафэ» жаIэ хабзащ. А IуэхугъуитIыр щIэзэпалъыта хуэдэт Зи ныбжь хэкIуэтахэм я махуэр жэпуэгъуэм и 1-м ягъэлъапIэнэу къыщыхахым.

МахуэшхуэмкIэ я мурад нэхъыщхьэр жьы хъуар зыIуэнкIэ хъуну гугъуехьхэм дунейм цIыхуу тету хъуам гу лъегъэтынырт. Ар ООН-м и Ассамблее Нэхъыщхьэм 1990 гъэм дыгъэгъазэм и 14-м игъэувауэ щытащ. Урысейм Зи ныбжь хэкIуэтахэм я махуэр жэпуэгъуэм и 1-м щагъэлъапIэ Урысей Федерацэм и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым 1992 гъэм мэкъуауэгъуэм и 1-м къыдигъэкIа Унафэ №2890/1-1-м тету.

ООН-м къыззрытымкIэ, иужьрей лIэщщыгъуэ нытеущ, щIэ бухуэным ельытауэ. Абы кьыхэкIыу, мы Iуэхум егупсысыпхъэщ. Иджыпсту ди социальнэ, экономикэ зыужьыныгъэр ехуэзащ. Псом хуэмыдэу ар зэпхар газым и уасэрщ, хуэдитI-щыкIэ абы хэхъуащ, - кьыхуигъэщащ депутатым.

Жэпуэгъуэм и 1, *гъубж*

♦Зи ныбжь хэкIуэтахэм я дунейпсо махуэщ

♦Макъамэм и дунейпсо махуэщ

♦Лы мышыхьым и дунейпсо махуэщ

♦Кофем и дунейпсо махуэщ

♦УФ-м и лъэсыдзэхэм я махуэщ

♦1924 гъэм Налшык егъэджакIуэхэр щагъэхьэзыр техникум къыщыззIуахащ.

♦1933 гъэм Налшык Лениным и цIэр зэрихьэу дэт еджапIэ къалэ цIыкIуэ къыщыззрагъэпэщащ лъэпкъ студие.

♦1906 гъэм къалъхуащ къэбэрдей тхакIуэ, драматург **Нало Жансэхъу**.

♦1937 гъэм къалъхуащ дзэ къулыкъущIэ, генерал-майор **Хьуэт Владимир**.

♦1945 гъэм къалъхуащ къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэ **Къущхьэ Амырхъан**.

♦1950 гъэм къалъхуащ адыгей усакIуэ, тхакIуэ, критик **ЕргъукъУ-Шащ1э Шэмсиет**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщыкIынущ.

Хуабэр махуэм градус 13 - 18, жэщым градус 13 щыхъунущ.

Жэпуэгъуэм и 2, *Бэрэжьей*

♦Залымыгъэ мылэжьыным и дунейпсо махуэщ

♦Социальнэ егъэджакIуэм и махуэщ

♦УФ-м цIыкIуэхэм Iэщ1агъэ егъэзыгъэныныкIэ и лэжьакIуэм и махуэщ

♦Лъэсу къэкIухьыным и дунейпсо махуэщ

♦1945 гъэм Къэбэрдей пединститутым школ-интернат къыщыззIуахащ.

♦1951 гъэм къалъхуащ уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэ, Урысей Федерацэм, КъБР-м, АР-м, КъШР-м я щIыхьэ артист **Тут Заур**.

♦1954 гъэм къалъхуащ сурэтыщI-живописец **Ерчэн Исуф**.

♦1970 гъэм къалъхуащ пауэрлифтинг спорт лIэужьыгъуэмкIэ плIэнейрэ (1996 - 1999 гъэхэм) дунейм и чемпион хъуа **Хьуажь Юрэ**.

♦1982 гъэм къалъхуащ КъБР-м, КъШР-м, АР-м, щIыхь зиIэ и артисткэ **Къзан Сэтэней**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщыкIынущ.

Хуабэр махуэм градус 12 - 13, жэщым градусу 12 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
БАГЪЭТЫР Луиз щ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Адэ лIэужьыныгъэ лыншэ къупщхьэрэ зэлъытащ.

Кавказ Ищхъэрэм ис Муслъымэнхэм я зэзыгъэуIу центрым и унафэщI хахащ

Черкесск къалэм фокIадэм и 28-м щекIуэкIащ Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм ис муслъымэнхэм я XI съезд. Абы и лэжьыгъэм хэтащ КъБР-м Муслъымэн Iуэхущ1апIэм и унафэщI, муфтий Дзасэжь Хьэзрэталийрэ Кавказ Ищхъэрэ ислъам университетым и ректор Чочаев Шарафутдинрэ. Съездыр щекIуэкIащ Черкесск къалэм Щэнхабзэмкlэ и уардэнэм.

МЫХЬЭНЭШХУЭ зиIэ Iуэхугъуитl къапэщылъ съездым къыщыззхуэсахэм. КъШР-м и муфтийм ирэ Кавказ Ищхъэрэм ис муслъымэнхэм я ззэзыгъэуIу центрым и унафэщIымрэ хахыну. ЗэрысщIэщи а къулыкъуитIри фокIадэм дунейм ехьжа Бердиев Исмэхьилхьэжы зэрихьэу щытащ.

Къызэхуэсахэр зэхуэарэзыуэ КъШР-м и муфтийм и къулыкъур хуагъэфэщащ иджыри къэс абы и къуэдзэу щытта, КъШР-м дзэ мыдрисэм и унафэщI Эркенов Мухьэмэд, ЗэзыгъэуIу центрым и унафэщIу хахар Шэщэн Республикэм и муфтий Мажиев Салахьщ.

«Шэщэныр – нобэ» интернет каналым щыгъуазэ дещI Мажиевыи и гъащIэ гъэугум. Шэщэным и муслъымэнхэм я Iуэхущ1апIэм и Маджлисым и унафэщI, Фэтуэхэр къыдэгъэкIыныкIэ дунейпсо советым и секретариат нэхъыщхьэм и Къызэгъэпэщакlуэхэм яз, Дунейпсо исльам лигэм хэт, Мухьэмэд Бегъымбар-ПьалIэу щэлатымрэ сэлавымрэ зэхам и щIэблэм я Пащтыкъ академием псэуху хэтыну хагъэхьа Мажиевыр Шэщэным и унафэщIым и чэнджэщэгъуу, пщIэшхуэ зиIэ щIыхьэ лэжьакIуэщ. 2024 гъэм абы Шафихьий-Iимамым теуха диссертацэ утыку кьрихьэри игъэпэжащ, щэрихьэт щIэныгъэхэмкIэ кандидат щIэр зэрехьэ. УФ-м и Президентым и унафэкIэ Мажиев Салахь Зэныбжьэгъугъэм и орденрэ «Дин-лъэпкъ зэхущытыкIэр зэрыригъэфIакIуэм папщIэ» Президентым и щIыхь тхыльрэ хуагъэфэщащ апхуэдэщ. Ар илъэс 47-рэ мэхъу, Iэбдул-Кьадир Чыланий кьыбгъэдэкIа щIэныгъэм и щэщэн гъуазэ Кишиев Кунтэ-хэжы кьыщIэна кьадирие суфий лъагъуэм тетщ.

КъБР-м и Муслъымэн Iуэхущ1апIэм и лэжьакIуэхэр Мажиев Салахьрэ Эрненов Мухьэмэдрэ я Iэнатlэщ1эмкIэ ехъуэхъуащ, ахэр щыхаха даудэпащэхэми хэтащ.

ЧЭРИМ Марианнэ.

Дунейм щыхъыбархэр

Щ1ыналъэ къыгухьэжахэр

Донецк, Луганск, Херсон, Запорожье щIыналъэхэр Урысейм къызэрыгухьэжрэ илъэситI зэрырикъумкIэ ехъуэхъуу, УФ-м и Президент Путин Владимир щIыхьэм видеокIэ зэрызыхуигъэзар дыгъуасэ Кремлым и сайтым къралъхьащ.

- Ди къэралым и тхыдэм дежкIэ мыхьэнэщхуэ зиIэ Iуэхугъуэмкlэ псоми сыныбжьхъуэхъу. Илъэс нэхъ гугъуэхэми гъэунэхуныгъэхэми дапхыкIащ. Фыуэ дощIэ, илъэсийкIэ Донбассым щыпсэуэр зыхагъэта гуэвэгъуэр, - къыхигъэщащ къэралым и пашэм.

Путин Владимир цIыхубэм фIыщIэ яхуищIащ, Хэкум папщIэ зэрызэкъуэувар къыхигъэщу. Апхуэдэуи абы дыщIигъуащ Украинэм щытыкIэр мамыру щызэхъэгъэкIыным зэрыхущIэкъуар.

Хуэдитl-щыкIэ хэхъуащ

Бундестагым и депутат Котре Штеффен жиIащ Урысейм и газым Германием и промышленностыр зэрыхущыщIэр икIи «Щ1ыхъэрэ поток» къагъэуар зэрагъэпэщыжыным мыхьэнэ иIэу къызэрилытэр.

- СызэрыщыгъуазэмкIэ, газыр зэрыкIуэ а бжамийр зэгъэпэщыжыным апхуэдэуи мылъкушхуэ текIуэдэнукъым, щIэ бухуэным ельытауэ. Абы кьыхэкIыу, мы Iуэхум егупсысыпхъэщ. Иджыпсту ди социальнэ, экономикэ зыужьыныгъэр ехуэзащ. Псом хуэмыдэу ар зэпхар газым и уасэрщ, хуэдитI-щыкIэ абы хэхъуащ, - кьыхуигъэщащ депутатым.

♦Зи ныбжь хэкIуэтахэм я дунейпсо махуэщ

♦Макъамэм и дунейпсо махуэщ

♦Лы мышыхьым и дунейпсо махуэщ

♦Кофем и дунейпсо махуэщ

♦УФ-м и лъэсыдзэхэм я махуэщ

♦1924 гъэм Налшык егъэджакIуэхэр щагъэхьэзыр техникум къыщыззIуахащ.

♦1933 гъэм Налшык Лениным и цIэр зэрихьэу дэт еджапIэ къалэ цIыкIуэ къыщыззрагъэпэщащ лъэпкъ студие.

♦1906 гъэм къалъхуащ къэбэрдей тхакIуэ, драматург **Нало Жансэхъу**.

♦1937 гъэм къалъхуащ дзэ къулыкъущIэ, генерал-майор **Хьуэт Владимир**.

♦1945 гъэм къалъхуащ къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэ **Къущхьэ Амырхъан**.

♦1950 гъэм къалъхуащ адыгей усакIуэ, тхакIуэ, критик **ЕргъукъУ-Шащ1э Шэмсиет**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщыкIынущ.

Хуабэр махуэм градус 12 - 13, жэщым градусу 12 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
БАГЪЭТЫР Луиз щ.

ЩIэныгъэлIхэм я зэхыхьэ

Бгылъэ щIыпIэхэм я зэхэлъыкIэм, абыхэм зэущрихьэлIэ къэкIыгъэхэмрэ псэушъхьэмрэ ятеухуа IX урысейпсо конференцыр Къэбэрдей-Балъкъэрым тхьэмахуэкIэ щекIуэкIащ (фокIадэм и 22-м къыщыщIэдзауэ 28 пщIондэ). Ар траухуат Урысейм щIэныгъэхэмкIэ и академиер илъэс 300, РАН-м и член-корреспондент Тембот Асльэнбий и щIэныгъэ школыр илъэс 35-рэ, абы и цIэр зезыхьэ бгы экологиемкIэ институтыр илъэс 30 зэрырикъуэм.

ЗЭХЫХЬЭР зэгъусэу кьызэрагъэпэщащ Бгы экологиемкIэ институтым, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым, ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ академием, Северцов А. Н. и цIэр зезыхьэ, экологием епха гугъуехьхэм ящIэрыгъэ институтым, РАН-м епхауэ лажьэ Териологическэ зэгучъэныгъэм, РАН-м экологиемкIэ и щIэныгъэ советым, «Экология - жизнь» жылагъуэ зэгучъэныгъэм.

Дыкъэзыухъурейхь дунейм, бгылъэ щIыпIэхэм щыщыIэ гугъуехьхэмрэ абыхэм щIэпсэуэмрэ зэрахъэлъэныгъэм нэгъуэщI къэралхэм я щIэныгъэлIэр - Абхъазым, Куржым, Азербайджаным, Къзахъстаным, Таджикистаным, Кыргызстаным, Индием, Китайм кьиклаэр.

КъызэгъэпэщакIуэхэм кьызэрыкъагъэщымкIэ, зэхыхьэм хэтыну хуейуэ тхыгъэ 200-м щIигъу кьаIэрыхьаг. Урысейм и щIэнальэхэм щыщу абы зыкъраГъэхьэлIащ Москва, Санкт-Петербург, Уфа, Воронеж, Мейкьуапэ, Дон Іус Ростов, Краснодар, Мэхъэчкьалэ, нэгъэущI щIыпIэхэм кьикла щIэнфгъэлIхэм.

Конференцым хэтахэм защыхуигъаззэм, КъБКъУ-м и ректорым и кьалэнхэр зыгъэзащIэ Альтуд Юрэ кьыхигъэщащ: «ЩIэныгъэ зэхыхьэр зытеухуар кьызэрымыкIуэ Іуэхущ. ЩIэныгъэлIхэм евгъэкIуэкI лэжьыгъэр инщ, псом хуэмыдуэри ди ефжапIэ нэхъыщхьэм дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэщ. Шэч хэмылъу, зэхуэсым хэтхэм адэкIи дазэрыдэлэжьэну щIыкIэм дегупсысынущ».

ЩIэныгъэлIхэм я зэIуцIэр ирагъэкIуэкIащ РАН-м и член-корреспондент, биологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, УФ-м щIыхь зиIэ и экологиемкIэ институтым и унафэщI Тембот ФатIимэрэ РАН-м и академик, Северцов А. Н. и цIэр зезыхьэ, экологием епха гугъуехьхэм елэжь институтым, РАН-м епхауэ лажьэ Териологическэ зэгучъэныгъэм хэт Рожнов Вячеславрэ.

Конференцыр Іыхьиплъу ягуэшауэ щытащ: щIыгуЛым и зэхэлъыкIэм, кьэкIыгъэ лIэужьыгъуэхэм, тхы кьупщхьэ зыхэмылъ псэушъхьэхэмрэ тхыцIэ зиIэмэрэ ятеухуауэ. КъищынэмыщIауэ, «стIол хъурейуэ» тIу ирагъэкIуэкIащ, Кавказым леопардым зыщегъэужьыжыным, кьурш бжэн лIэужьыгъуэхэм я щытыкIэр къэхутэнымрэ абыхэм я бжыгъэр кьызэрращIэ щыкIэм ехьэлIауэ.

Кавказ Ищхъэрэм и мылъпэхэмрэ дунейм и щытыкIэмрэ теухуауэ къэпсэлъащ РАН-м ГеографиемкIэ и институтым и лIыкIуэ Соломинэ Ольгэ. «Академик Шварц щIыуэпсым теухуауэ иубзыхуа хабзэхэм илъэс пщIы бжыгъэкIэ дэкIуэу» Іуэхугъуэм тепсэлъыхьащ РАН-м и академик, Уралым къэкIыгъэхэмрэ хьэжIэкъхъуэкIэхэм я ІуэхуэхмкIэ щыIэ институтым и лэжьакIуэ Большаков Владимир. Ди къэралым нэхъ мащIэрэ узыщIрихьэлIэ псэушъхьэхэмрэ ахэр хъумэнымрэ зэреплъ щIыкIэмкIэ кьызэхуэсахэм ядэгугъэшащ Рожнов Вячеслав.

Зэхыхьэм кьыщыпсэлъа щIэныгъэлIхэм я Іуэху епльыкIэхэр къытрагъэдэжьнуц «Известия РАН. Серия биологическая» журналым.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

ДыщытекIуэнур дапщэщу пIэрэ?

• Футбол

«Алания-2» (Владикавказ) - «Спартак-Налшык» (Налшык) - 1:1 (0:1). Владикавказ. «Алания» ФК-м и академием и стадион. Щыщхьэуфум и 29-м. Щыху 230-рэ епльащ.

Судьяхэр: Заикэ (Дон Іус Ростов), Гаджигусейнов (Мэхъэчкьалэ), Волков (Москва).

«Алания-2»: Шашлов, Карасёв (Булацев, 46), Уртаев, Датиев, Дзахов, Канатов, Бадмаев (Кулаев, 46), Огоев (Дудаев, 74), Тадтаев, Хугаев (Дзукаев, 46), Кокоев (Кантеев, 66).

«Спартак-Налшык»: Кьумыкъу, Лелюкаев, Гъэзугъэкъуэ, Далиев Дауд, КIэдыкIуей, Блиев, Жангуразов, Селяев (Молэмусэ, 83), Мэкъуауэ (Хьэшыр, 59), Мэшыкьуэ (Далиев Дени, 69), ЛIуп (ХьэцыкIу, 68).

Топхэр дагъэкIащ: ЛIупым, 33 (0:1). Дзаховым, 49 (1:1).

Дагъуэ кьыхуэущIащ: Канатовымрэ Селяевымрэ.

УРЫСЕЙ Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Іпэ гупым мы гъэм щекIуэкI зэхьэзэхуэм ипкъ иткIэ иужьрей джэгуГъуитхуэм щытемыкIуэфауэ «Спартак-Налшыкыр» ди Іуэнэгу Осетие Ищхъэрэ - Алание вэсэмахуэ кIуащ. Хуабжьу дыщыгугъырт абы ди щIалэхэр щытекIуауэ кьиклыжьыну. Ар икIи пльбжьэшэтэкъым; зыIуущIэнур щIалэщIэ защIэт икIи турнир таблицэм иужь дыдэ увыпIэхэм ящыщ зым щытт, Мэхъэчкьалэ и «Динамо-2»-м фIэкIа и лъабжьэм кьыщIэмыту. Налшыкдзэхэри икъужIэ щIэхъуэпсырт щытыкIэ гугъум Владикавказ къыщикIыну.

Джэгум и щIэдзэкIэм гуГъэфIхэр диГъэщIат. «Спартак-Налшыкым» занщIэу хэГъэрейкэр тегушхуэГъафIэ ишащ икIи зыр адрейм кьыкIэлъыкIуэу Іэмалыфхэр кьызэригъэпэщырт яПэ ишы хуэдэу. АрщхьэкIэ «Алания-2»-м и футболистхэм лыГъэ яхэлъу захъумэжьырт. Аращ кьызыкIар 33-нэ дэкьикъэ пщIондэ бжыгъэр кьызэрызэIуамыхар. КъыкIэлъыкIуа лъэхъэнэр хэГъэрейхэм яхуэхьажакъым икIи ЛIуп Исльам налшыкдэсхэр пIэ иригъэщащ.

Адэкли «Спартак-Налшыкыр» хущIэкъуащ и ехьулIэныгъэм зригъэубГъуну. «Алания-2»-р кьезыгъэлар дежгум и Іпэ Іыхьэр ихуиу командэхэм загъэпэсхуну зэрикIаращ.

Абы иужькIэ къэхъуар зыгурыГъэIуэгъуейш. Владикавказдэсхэм зэрызагъэпэсэхуа дакьикъэ зыбгъупщIыр кьагъэсэбэпащ, я кьарур защIэгъэIуIуэжу я хьэрхуэрэгъуэхэм яхуэфэщэну япэщIэтырым папщIэ. «Алания-2»-м и тренерхэм зэуэ цIыхуищ яхъуэжащ икIи етIуанэ Іыхьэр икъужIэ жыджру къыщIадзащ. «Спартак-Налшыкыр» апхуэдэ щытыкIэм хуэмыхьэзырыщIу къытщыхъуащ.

Джэгур ирагъжьэжри, дакьикъэ зыщыплI дэкIауэ арат бжыгъэр зэхуэдэ щыхъужам. Дзаховыр зэуа топым Къумыкъур пэлъэщащхьэм.

Іуэрыр закъуэйм трагъэхуэфын папщIэ лъэныкъуитIми иджыри зэманыфI дыдэ яIэт. Ахэр абы ерыщу хущIэмыкъуауи пхужыIэнукъым. АрщхьэкIэ зыми зихъуэжакъым. Собэп хъущакъым «Спартак-Налшыкым» и тренер нэхъыщхьэ Битокъу Тимур футболист зыбжанэ зэрихъуэжари. Джэгур зэрытемыгъэкIуауэ, 1:1-уэ, ихъаш. Дауи, абы арэзы нэхъ къимыщIар текIуэныгъэм хуабжьу щыгуГъуэ Владикавказ кIуа ди щIалэхэращ. Къэбэрдей-Балъкъэрым топджэгум щыдихьэхэри нэрылъагъуэ игъэпIейтеящ кIуэ бжыгъэм: джэгуГъуитх хъуауэ дызымыгъэгуфIэф ди командэр дагъэпэщащ атIэ щытекIуэфынур? Абы щыгуэмии къыкIэлъыкIуэну и хьэрхуэрэгъуэр куэдкIэ нэхъ лъэрызехьэщ иужьу къапэщIэта икIи зыпэмылъэща Нэзран и «Ангушт»-мрэ Владикавказ и «Алания-2»-м нэхъри.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Іпэ гупым щекIуэкIа адрей зэIущIэхэм къахэгъэщхьэхуэкIыпхъэщ «Дружба»-мрэ «Нарт»-мрэ Мейкьуапэ зэрыщызэдэжьгуар. Адыгейм и футболистхэм бжыгъэр къызэIуахыну яхуэзфIэкIащ икIи 1:0-у япэ ищауэ джэгум и япэ Іыхьэр иухащ.

ЗаГъэпсэхуу къихьэжа иужькIэ, Черкесск иклахэм зыкъызэкъухащ икIи я ебгъэрыкIуэныгъэхэр апхуэдизкIэ лъэщти, япэщIыкIэ хэГъэрейхэм я гъуащхьэтетым и гъуэр храгъэгъэщIожащ, итIанэ «Нарт»-м и капитан Адыгэкъуэ Вадим текIуэныгъэр кьахуэзыхьэ топыр яхудиГъэкIащ. ЗэIущIэм и кIэуэм хьэщIэхэм я ехъулIэныгъэр щIагъэбыдащ.

Шакъ Ашэмэз зи тренер нэхъыщхьэ «Динамо-Ставрополь»-ми бжыгъэшхуэкIэ МэхъэчкьалI щыхъугъэщIащ и щIэджэгъу хэГъэрейхэр. Абы кьыщыхэжаныкIащ, текIуэхэм яхэта икIи я хьэрхуэрэгъуэхэм топ зырыз яхудзэыгъэкIа, ди лъэхэгъуэху Машэжь Ратмиррэ ДыщэкI Асльэнрэ Арщхьэкъэ Шакъым и гъэсэнхэм зэхъэзэуэм зэкIэ бжыпэр щабыдыфакъым я ныкъуэкъуэгъу нэхъыщхьэр Таганрог и «Форте»-рэ зэрытекIуэм кьыхэкIыну. «Спартак-Налшыкыр» абыхэм икъужIэ ятэжьжьэщ икIи нэхъ кьыкIэрыхьуэращ зыхэтIыр.

Иджы щыгъуаз фыхудощI Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Іпэ гупым а махуэм щекIуэкIа адрей зэIущIэхэм кьаригкIуа бжыгъэхэм. Мис ахэр: **«Динамо-2»** (Мэхъэчкьалэ) - **«Динамо-Ставрополь»** (Ставрополь) - **0:4**, **«Ангушт»** (Нэзрэн) - **«Легион»** (Мэхъэчкьалэ) - **1:1**, **«Дружба»** (Мейкьуапэ) - **«Нарт»** (Черкесск) - **1:3**, **«Форте»** (Таганрог) - **«Победа»** (Хасавюрт) - **5:2**, **«Ростов-2»** (Дон Іус Ростов) - **«Кубань-Холдинг»** (Павловск) - **2:0**, **«Рубин»** (Ялтэ) - **«Биолог-Новокубанск»** (Прогресс) - **3:2**, **«Строитель»** (Комеиск-Шахтинский) - **«Севастополь»** (Севастополь) - **1:1**.

КъыкIэлъыкIуэ джэгуГъуэр жэпуэгъуэм и 5-м зэхэтыну. А махуэм «Спартак-Налшыкым» кьригъэблагъэнуц зэхьэзэхуэм щыпашэхэм ящыщ ЯлтI и «Рубин»-р.

ХЬЭТАУИслъам.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Іпэ гупым зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. «Форте»	25	16	3	4	53-23	53
2. «Динамо-Ставрополь»	26	14	3	3	44-24	51
3. «Легион»	25	15	2	6	41-19	49
4. «Рубин»	26	15	6	7	36-23	49
5. «Ростов-2»	25	15	3	7	48-26	48
6. «Севастополь»	26	12	3	5	35-20	43
7. «Астрахань»	24	12	5	8	30-26	40
8. «Строитель»	25	9	5	8	27-26	35
9. «Нарт»	25	10	8	10	31-35	35
10. «Ангушт»	26	6	4	6	18-18	32
11. «Дружба»	26	9	5	14	30-37	30
12. «Спартак-Налшык»	25	7	4	11	36-37	28
13. «Кубань Холдинг»	26	6	4	12	20-31	26
14. «Биолог-Новокубанск»	25	6	2	14	31-42	23
15. «Победа»	26	5	7	14	27-43	22
16. «Алания-2»	26	4	5	17	21-61	17
17. «Динамо-2»	25	3	3	18	15-52	13

• Щэнхабзэ

Алтайм и артистхэр ди хьэщIэщ

Кулиев Кьайсын и цIэр зезыхьэ Балъкъэр къэрал драмэ театрым фокIадэм и 27-м пресс-конференц щекIуэкIащ. Ар теухуауэ щытащ УФ-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм кьызэрыпэщэ «Большие гастроли» урысейпсо Іуэхум. Абы хьыхьу Налшык и хьэщIэщ Алтай Республикэм Кучиж Павел и цIэр зезыхьэ и Лъэпкъ драмэ театрым и артистхэр.

ПРЕСС-КОНФЕРЕНЦЫМ хэтащ Балъкъэр къэрал драмэ театрым и унафэщI Жангуразов Мэжид, а театрым и актёр Гиляхов Мурат, Кучиж Павел и цIэр зезыхьэ Лъэпкъ драмэ театрым и артистхэр: театрым и унафэщI Пешперовэ Светланэ, режиссёр нэхъыщхьэ, Алтай Республикэм бгъэдэжьэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Иришевэ Эммэ, актёр, тхакIуэ, усакIуэ, зэдзэкIакIуэ, Алтай Республикэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Багыров Николай.

Зэхыхьэм хэтхэм псом япэу фIыщIэ хуащIащ мы Іуэхур зи жэрдэм «Росконцерт»-м, Урысей Федерацэм, Алтай, Къэбэрдей-Балъкъэр республикэхэм щэнхабзэмкIэ я министерствэхэм, нэгъэущI щIыналъэхэм я лэжьыгъэхэр щагъэлъэгъуэну, я театр гъэзджэмрэ щэнхабзэмкIэ зэхъуэжну Іэмал кьызэрыратам папщIэ.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, Балъкъэр драмэ театрым и артистхэм фокIадэм и пэхэм Горно-Алтайск зыкъыщагъэлъэгъуащ. Иджы а щIыналъэм и артист пажэхэр ди хьэщIэщ. Кьыжьыпалъхъэщ, Алтайск щыщ артистхэр мы Іуэхум илъэс зыбжанэ хьуауэ зэрыхэтыр. ХьэщIэхэм къашащ Айтматов Чингиз «И дольше века длится день» и романым кьытращIыкIа «Колыбель» спектаклыр. НыбжьыщIэхэм папщIэ ягъэлъэгъуащ «Сказка о золотой рыбке» таурыхъыр.

Жангуразов Мэжид кьызэхуэсахэм яхутепсэлъыхьащ «Большие гастроли» Іуэхум и фIыгъэкIэ Алтай Республикэм я театрыр зэрыщыIам, абы щагъэлъэгъуа лэжьыгъэхэм.

Пешперовэ Светланэрэ Иришевэ Эммэрэ кьытеувыIащ Кучиж Павел и цIэр зезыхьэ Лъэпкъ драмэ театрым и лэжьыгъэхэм, я репертуарым щыщу Налшык кьаша спектаклхэм.

Багыров Николай тепсэлъыхьащ балъкъэр, алтай тхакIуэхэу Кулиев Къ., Укачин Б., Бедюров Б., Тепуков К., нэгъэущIхэми яку дэлъа зэныбжьэгъугъэм.

Балъкъэр театрым и артист Гиляхов Мурат театритIым я унафэщIхэм фIыщIэ яхуищIащ Іуэху щхьэпэр кьызэрызэрагъэпэщам, я Іэзагъэмрэ зэфIекIымрэ хагъэхъуэну Іэмал кьызэрыратам папщIэ.

Пресс-конференцым хэтахэр лъэпкъ драмэ театрым и Іуэху зэIумыбзхэм тепсэлъыхьащ, лъэпкъ драматургием теуха я епльыкIэхэр кьагъэлъэгъуащ. Лъэныкъуэхэр зэгурыIуащ дяпэкIи зэдзэлжьэну, зэкIэлъыкIуэну, я зэныбжьэгъугъэм зрагъэубгъуну.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

• Гъуэгухэр

ЩхьэлыкъуэрэКэнжэрэ зэпищIэу

Къэбэрдей-Балъкъэрым Гъуэгу хозяйствэмкIэ и ІэнатIэм и къалэн нэхъыщхьэм щыщщ автомобиль гъуэгущIэхэр ухуэныр, щыIэхэр зэгъэпэщыжыныр, зэIуэпэщ щыныр. Дауи, машинэ куэд щыIэблэкI, щыIэкIуэ гъуэгухэм я щытыкIэм куэдкIэ елъытащ цIыхухэм я шынагъэншагъэр зыхуэдэнур, тыншыпIэ, гукъыдэж яГъуэтынур.

МИС апхуэдэ Іуэхугъуэхэм кьыхэкIыу иджыблагъэ унафэ кьащтащ дызыкъэкIуэ илъэсхэм кьрибыбзэу Щхьэлыкъуэ, Кэнжэ жылэхэр зэпызыщIэ автомобиль гъуэгущIэ яухуэну. Абы и кIыхьагъ хъунущ километри 4,5-рэ.

ПэхуэщIэ кьрахьэжьар и кIэм нагъэсу щытмэ, япэрауэ, цIыхухэр гъуэгум зэрытет зэманыр нэхъ мащIэ хъунущ, хьэпшып, хьэлъэ, н.кь. хуэдэхэр нэхъ псынщIэу зэпльагъэсынущ, «Кавказ» Р-217-рэ федеральнэ гъуэгум тету республикэм и кьалащхьэ къыдыкъэпIэм дэж щызэтрихьэ машинэхэр нэхъ мащIэ щыхъунущ.

Автомобиль гъуэгущIэм и кьыщIэдзапIэр Щэджэм щыналъэ лъэныкъуэмкIэ укъикIыу Налшык кьалэм ущыкIэкIэ Щхьэлыкъуэ кьуажэмкIэ бгъэшу абы узэрыдыхьэ гъуэгурщ. АдэкIэ ар хьыхьнущ Кэнжэ кьуажэм и Каменскэ узрамым, Кьатхьэным и щIэр зезыхьэ узрамым унэсынам метр 250-рэ хуэдиз иIэжу.

ПэхуэщIэм кьыщыгъэлъэгъуа лажьыгъэхэр зэрагъэзэщIэну щыкIэм ехьэлIа «Гъуэгу картэр» иджыпсту ягъэхьэзыращ. Абы кьыдэкIуэу, гъуэгущIэр щаукъуэдиину щIыпIэмрэ абы и гъунапкъэхэр убзыхуным ехьэлIа дэфтэрхэмрэ Іэщ1агъэлIэр йолэжь. ИужькIэ, 2025 гъэм, проектымрэ сметэмрэ ягъэхьэзырынущ, лэжьыгъэхэр 2026 гъэм ирагъжьэн хуэдэу.

Я щытыкIэми елъытащ

«Гъуэгуфl шынагъуэншэхэр» лъэпкъ пэхуэщIэр къыщIрахьжьам и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэхэм ящыщ щоциальнэ мыхьэнэ зиIэ Іуэхущ1ап1эхэм, псом хуэмыдэу сымаджэщхэмрэ поликлиникэхэмрэ екIуалIэ автомобиль гъуэгуэр егъэфIэкIуэныр, зыхуей хуэгъэззэныр. Сыту жыпIэмэ, сымаджэм нэхъ псынщIэу медицинэ дэлэныкъуэныгъэ игъэуэтахуныр куэдкIэ елъытащ гъуэгухэм я щытыкIэм.

КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭРЫМ кьызыхуэтэнышэу щызэрагъэпэщыжащ е зэрахъуэкIащ республикэм и медицинэ Іуэхущ1ап1эу 9-м уху ззышэ, псори зэхэту километр 26-рэ зи кIыхьагъ автомобиль гъуэгуэр. ЗэхъуэкIыныгъэхэр ялъэIэсащ къуажэхэмрэ къалэхэмрэ я щIыпIи 6-м.

Псалъэм къыдэкIуэу, Шордакъ, Бабугент къуажэхэм щызэрагъэпэщыжа гъуэгухэр амбулаторэхэм йокIуалIэ. Мыбдежхэм, гъуэгу лэжьыгъэхэм хиубыдэу, медицинэ Іуэхущ1ап1эхэм я Іуэхэпэхэр, бжэIупэхэр зыхуей щыхуагъэззащ, къызэщIагъэнэхуащ, машинэ гъэувыIпэхэм щыхуащIащ.

Къуфэ-Тэбэрэ Къуп1ъхуэжьи Ищхэмрэ зэпызыщIэ, километр 18 зи кIыхьагъ автомобиль гъуэгур къуажищым пхрокI икIи Къуп1ъхуэжьи Ищхъэрэм дэт амбулаторэмрэ къуажэ сымаджэщымрэ бгъэдохьэ.

Псыгуэнсу къуажэм километр 1,4-рэ зи кIыхьагъ, Жэрыкъуэм и цIэр зезыхьэ узрам кьызыхуэтынщэу зэрагъэпэщыжкам фельдшер-акушер пункт тетщ.

Налшык кьалэм Хьураным и цIэр зезыхьэ узрамым щолажьэ Іыхьэр щагъэкъабзэ диализ центрэр медицинэ центрышхуэрэ, Мусукаевым и цIэр зезыхьэ узрамым - сабийхэм я поликлиникэ №2-р, Балъкъэр узрамымрэ ЩIалэгъуэ узрам дыхьэпIэмрэ – медицинэ Іуэхущ1ап1эхэр. ЦIыхухэм я тыншыпIэр кьызэрагъэпэщу мыбдежкэм машинэ гъуэвыIпэхэр кьыщыхагъэщхьэхукIащ, екIуэлIапIэхэр зэIуэпэщ щащIащ.

ЕтIуанэ Тамань дивизием и цIэр зезыхьэ узрамыр Щоджэным и цIэр зезыхьэ узрамым хохьэ. Лъэпкъ пэхуэщIэм ипкъ иткIэ 2023 гъэм ар зэрагъэпэщыжащ икIи абы ухуеиз республикэм и сымаджэщ нэхъ инхэр зэдэщIэ щыIпIэм.

ТОМЭКЪУЭ Іэдэм.

Дыщэрэ домбеякъурэ

• Альдж-урым бэнэкIэ

1976 гъэм Монреаль къалэм щекIуэкIа Олимп джэгухэм альдж-урым бэнэкIэмкIэ дыжьын медаль кьыщызыхьа Чебоксаров Владимир и саугъэтыр къэхьыным хуэунэтIа 28-нэ дунейпсо зэхьэзэхуэ Тюмень къалэм иджыблагъэ щызэхэтащ. Ди къэралым и командэм нэмыщI, абы я зэфIэкI щагъэпэсыгъуащ Белоруссием, Азербайджаным, Армением, Къзахъстаным, Кыргызстаным я бэнакIуи 160-м.

УРЫСЕЙ Федерацэм и пщIэр яIэту абы щыбэнащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и гъэсэнхэри. Ди гуапэ зэрыхъущи, КIэмпIаерэ Марат и хьэпльагъ елъытауэ зыхэт гупым (кг 130-рэ) дыщэ медалыр къыщихьащ.

Уэрэздж къуажэм щыщ Кабалоев Виталий зэхьэзэхуэм ещанэ щыхъуащ. Домбеякъ медалым щхьэкIэ абы къыпэщIэта, Кемеровэ областьмкIи ипкъ бэнакIуэм 9-у текIуащ. Ди щIалэр щыбэнэр килограмм 55-рэ зи хьэпльагъэм я дежщ.

• Шыгъажэ

Ерыщу загъэхьэзыр

Бахъсэн къалэ администрацэм и унафэщI Мамхэгъ Хьэчим иджыблагъэ Іуэщащ шыкIэ гъуэгуанэ кIыхьхэр зэпычынымкIэ шууейхэм я тренер цIэрыIуэ Махуэ Іэхьед.

АХЭР тепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и япэ Президент КIуэкIуэ Валерий и фоепль Кубокыр къэхьыным хуэунэтIауэ мы гъэм жэпуэгъуэм и 18 - 20-м «Джды-къуэ пIлыжь» кромплексым щекIуэкIыну урысейпсо зэхьэзэхуэм ехьэлIа Іуэхугъуэхэм, шы спортым КъБР-м зыщегъэужьыныкIэ щыIэ Іэмалхэм, нэгъэущIхэми.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, Махуэ Іэхьед и гъэсэн щууей гупыр тхьэмахуитI ипэкIэ Къэзахъстаным щызахаша, километр 500 зи кIыхьагъ гъуэгуанэр махуитхукIэ зэпычынымкIэ екIуэкIа: зэхьэзэхуэм и щIыпIэхэм, щIыналъэм къагъэззэжа къудейуэ аращ.

АЛБЕРДЫКЪУЭ Іэмин.

Сабийхэм я джэгупIэ

Нарткъалэ и Краснэ уэрамымрэ Кошевойм и цIэр зезыхьэ уэрамымрэ я зэхъыхьэпIэм деж иIэ къалэ хадэ цIыкIур зэIуэпэщ ящI.

ЩIЫНАЛЪЭ бюджетым къыхэкIа мыльэкуKIэ а щIыпIэм деж сабийхэм джэгупIэщIэ къыщIыхуэзрагъэпэщ, метр зобгъуэзнатIи 180-рэ иубыду. Илъэс зыбжанэкIэ узэIэбэкIыжмэ, мыбдежым щытащ цIыкIуэхэм я спорт утыкур ахэр щыджэгун щIыпIэрэ - хьэринэхэр, дэжеипIэ-къежэхьыпIэхэр, пкIэльейхэр, нэгъэущIхэри иту. Ауэ хуэм-хуэмурэ ахэр жьы хъуащ, я нэхъыбэри балигъхэм зэтракъутащ, тIысыпIэ ар яхуэхъури.

Иджы сабийхэр щыджэгуну щIыпIэм хьэфэм къыхэщIыкIа алэрыбгъуэхэр ираубгъэнущ, пластмасс тетIысхьэпIэхэр ирагъэувэнущ. ИджыпстукIэ хьэринэщIэхэр, къежэхьыпIэхэр, н.кь. джэгупIэ хьэлэмэтхэр ирагъэувакIащ. Лэжьыгъэхэр мыгувэу и кIэм нагъэсынущ.

ХЬЭЩЫКIЪУЭЙ Олег.



Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

ЖЬэкIэмыхъу Маринэ *(унафэщI-редактор)*, **Ширдий Маринэ** *(унафэщI-редактор)*, **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщ1 Иэз.**

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъуэмрэ Іэнатlэхэм ядэлажьэныкIэ - 42-60-53; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-22-66; компьютер Іэнатlэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Іуэхущ1ап1эм ятхащ

ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIэхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.466
Заказыр №2097

12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщагъэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъэмкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управлензм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Дыщэкl Соня**, *корректорхэу* **Пхытlыкl Марие** *(1, 3-нэ нап.)*, **Нэужьокъуэ Заирэ** *(2, 4-нэ нап.)*, *корректорхэм я дзэпыкъуэгъу* **Елмэс ФатIимэ.**

КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ **Дол Маринэ, Мэлбахъуэ Анжелэ.**

Сурэтхэм елэжьар **Къарей Элинэ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, Есэнтlыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Іэ традзэн хуейщ схьэт 20-м, щытрадзар схьэт 20-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.